ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ
ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ГЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№10 (23.824) ● 2019 гъэм щІышылэм (январым) и 29, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІуэкІуэ Казбек Къабардей-Балъкъэр къэрал университетым щыІащ икІи щІыналъэхэр зэрызэрахьэр егъэфІэкІуэным теухуауэ абы щекІуэкІа семинарым хэтащ

КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек иджыблагъэ щыІащ Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. ЕджапІэм и унафэщІхэм щахуэзам ар тепсэлъыхьащ щІалэгъуалэм Іэщіагъэхэр езыгъэгъуэт системэр егъэфІэкІуэным. Іэщіагъэлі ныбжьыщІэхэм ядэІэпыкъунымкІэ, республикэм и экономикэм и Іэнатіэ нэхъыщхьэхэм папщІэ щІэныгъэ лъагэ зиІэ лэжьакІуэхэр гъэхъэзырынымкІэ программэхэр зэрагъэзащІэм.

КІУЭКІУЭ Казбек щыгъуазэ зищІащ университетым Жылагъуэ жэрдэмхэмкІэ и центрым и лэжьэкІэм. Ар къыздрагъэпэщащ студентхэм я щІэныгъэ, социальнэ, жылагъуэ проект нэхъыщхьэхэр пхыгъэкІын мурадкІэ.

А махуэ дыдэм КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэр хэтащ УФ-м и Президентым и деж ЦІыхубэ хозяйствэмрэ къэрал къулыкъумкІэ щыІэ академием и дэІэпыкъунрэгъэкІэ муниципальнэ къулыкъущІэхэм папщІэ ди университетым къыщызэрагъэпэща щІэныгъэ семинарым.

Къызэхуэсахэм я пащхьэ къыщыщы-псалъэм КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщхьэхуэкІащ: «Фэ республикэм исхэм махуэ къэс фахуэхэ икІи фи лэжьэкІэм тещІыхьэуащ абыхэм властым и зэфІэкІыр здынэсыр къызэралъытар. Фи щІэныгъэмрэ зэфІэкІымрэ куэд елъытащ. Иджыпсту дунейм псынщІэу зехъуэж икІи зэманым къигъэувэхэм дапэджэжыфу дыщытын папщІэ ди Іэщіагъэм зэпымыууэ хэдмыгъахъуэу хъунукъым».

ЩІыналъэм и унафэщІым мы Іэхур къызэгъэпэщыныкІэ щІэгъэкъуэн зэрыхъуам папщІэ ЦІыхубэ хозяйствэмрэ къэрал къулыкъумкІэ Урысей академием и Кавказ Ищхьэрэ институтым и Іэщіагъэлэпхэм фІыщІэ яхуиущІащ, апхуэдэу КъэбэрдейБалъкъэрым щыпсэуэхэм я ефІэкІуэныгъэм хуэгъэза лэжьыгъэм екъуІэныгъэхэр къыщахьыну муниципальнэ къулыкъущІэхэм ехьуэхъуащ.

Семинарымрэ абы хиубыдэу ирагъэкІуэкІыну зыгъэсэныгъэхэмрэ ятеухуащ КъБР-м и социально-экономикэ зыужьыныгъэр зы лъабжьэ стратегие планхэр, унафэщІ Іэнатіэм къыщагъэсэбэп технологиехэр зэхэлъхьэным.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек зи щхьэ Іуэхукіэ къекІуэлІахэм яхуозэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек Правительствэм и Унэм щахуэзащ зи щхьэ Іуэхукіэ къекІуэлІахэм.

АБЫХЭМ я лъэІухэмрэ тхьэусыхафэхэмрэ теухуауэ щытащ Тэрч районым хьыхь Акъбащ Ипщэ къуажэм и хьэблэ щхьэхуэхэр ирафын псыкІэ тэмэму къызэрэзэмыгъэпэщам, зи псэупІэр зэкІэлъыпмыкІуэ унагъэхэм, гугъуехь хэхуа унагъуэхэм защІэгъэкъуэным, ныкъуэдыкъуагъэ зиІэ сабийм федеральнО-медицинэ центрхэм ящыщ зым щегъэІэзэным.

Ябыныкъуэ дзэлуэхэр занщІэу зэфІагъэкІащ. Нэхъ кууэ зэпкърыхьи икІи зэлэжьын хуейхэм хэпльэну кІалэн щащІащ министерствэ, ведомствэ щхьэхуэхэм, муниципалитетхэм я унафэщІхэм.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

«Урысейм и пашэхэр» зэпеуэм и финал ныкъуэр Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым къыщызэІуах

Пятигорск къалэм гуфІэгъуэ зэхьыхьэ щекІуэкІащ «Урысейм и пашэхэр» конкурсым и финал ныкъуэр Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм къыхихгъэщхьэкІащ къэралым и Іэтащхьэм и унафэкІэ къызэрагъэпэща мы зэпеуэм мыхьэнэшхуэ зэриІэр.

Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и субъектхэм къабгъэдэкІыу «Урысейм и пашэхэр» зэпеуэм и ятІэ Іыхьэм щІыху 6078-рэ хэтащ. Абыхэм я процент 44-р зи ныбжьыр илъэс 35-м щІимыгъуэ щІалэгъуалэщ.

Зэпеуэм хэтахэм ящыщу компьютер тестхэм кІариКІахэм ятІэ ныкъуэм нэсащ щІыхуи 136-рэ.

«Дэ мыхьэнэшхуэ иІэу къыздолъытэ унафэщІ къулыкъухэм ягъэувэжам гушхуэныгъэ яхэлъу, езыхэр ятІэкІэ кІуэтэну хуещІэкъуу щытыным. Апхуэдэ щІыхь жыджэрхэм я зэфІэкІыр къагъэлъэгъуэнымкІэ сэбэп мэхъу «Урысейм и пашэхэр» конкурсым хуэдэ зэпеуэхэр. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, дэ дыхущІэкъунущ финалым пхыкІыф щІалэгъуалэр ди округым щылэжьэну къызэрыдгъэнэнум», - жиІащ Матовников Александр.

Конкурсым щытекІуэхэм я Іэщіагъэм хагъэхъуэн папщІэ сом 1 мелуан хъу сертификат иратынущ. КъищынэмыщІауэ, абыхэм Іэмал яІэнущ къэралым и унафэщІ нэхъ пашэхэм я деж зыщагъэсэну. Конкурсым щытекІуэхэм кхыхахынущ кадрэхэм зегъэужьыныкІэ программэ щхьэхуэм ЦІыхубэ хозяйствэмрэ къэрал къулыкъумкІэ Урысей академием хигъэхьэнухэр.

УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и аппаратым и пресс-Іуэхущіапіэ.

Псоми ди щхьэр яхудогъэщхъ

Налшык щекІуэкІащ совет зауэлІхэр Афганистаным къызэрашыжрэ илъэс 30 зэрырикъум теухуа зэхьыхьэ.

ГУФІЭГЪУЭ пэкІум крихьэлІащ Совет Союзым и ЛІыхъжь генерал-майор Солуянов Александр, министерствэхэм, ведомствэхэм я унафэщІхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, щІалэгъуалэм я лІыкІуэхэр.

«Совет Союзым и дзэхэр илъэс 30 япэкІэ Афганистаным ящышыжащ. А зауэм хэтащ ди щІалэхэм ящыщу мин 600-м нэблагъэ. Афганистаным щыхэкІуэда ди сэлэт мин 15-м яхэхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу щІалэ 54-рэ. Абыхэм псоми я къалэныр ихьэлэу ягъэзэщІащ икІи дэ нобэ а псоми ди щхьэр яхудогъэщхъ», - жиІащ «Афганистаным и ветеранхэм я союз» республикэ зэгухьэныгъэм и правленэм и тхьэмадэ Тхьэгъэлэдж Тимур.

Солуянов Александр къыщыпсалъэм жиІащ: «Си гуапэщ Афганистаным щызэуа фи щІалэхэм я фэеплъыр зэрырегъэлъапІэр. КъыхэзгъэщхьэхукІыну сыхуейщ щІалэгъуалэм ядэлэжьэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр адрей щІыналъэхэм япэ зэриты. Ар зи фІыщІэр унафэщІхэрщ, ветеран зэщІэхъееныгъэрщ, егъэджакІуэхэрщ, афган зауэм хэтахэрщ».

КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек и унафэкІэ республикэм къыщащтащ мы пІалъэр гъэпсэлъэныкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитетым хэтхэр. А комитетым игъэхьэзыра планым Іуэхугъэ зэмылІэужьыгъуэу 200-м щІигъу къыщыгъэлъэгъащ икІи ахэр 2019 гъэм къириубыдэу ди къалэхэмрэ районхэмрэ щрагъэкІуэкІынущ.

Хъыбарегъащіэ агентствэхэм къатахэм ялкъ иткІэ.

НОБЭ

♦Ядернэ зауэр мыдэным щІыхуэхэр къыхуеджэным и дунейпсо махуэщ

♦1710 гъэм Урысей пащтыхым славяныбзэм и пІэкІэ урысыбзэм и иджырей алфавитыр къащтэным теухуа унафэр къыдигъэкІащ.

♦1833 гъэм Урысейм щыпэру Санкт-Петербург къалэм пощт Іэуэкъащіапіэ къыщызэІуахащ.

♦1886 гъэм Бенц Карл ятІэ автомобилыр къызэригупсысам щыхьэт техъуэ патентыр кратащ.

♦1908 гъэм ятІэ урысей аэроклубыр къызэрагъэпэщащ.

♦1921 гъэм РСФСР-м и ЦІыхубэ комиссархэм я советым и деж ВЧК-м и ІэхуэхэмкІэ щыІэ управленэм унафэ кІищтащ щынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкІэ органхэм щылэжьнухэр щрагъэджэну курсхэр къызэІуахыну. Иджыпсту ар Урысей ФСБ-м и академиерщ.

♦1935 гъэм СССР-м Калинин (иджы Тверь) областыр къыщызэрагъэпэщащ.

♦1943 гъэм советыдзэхэм Мейкъуапэ, Тихорецк къалэхэр нэмыцэ фашист зэрыпхъуэкІуэхэм къыІэщІагъэкІыжащ.

♦1964 гъэм Австриием хьыхьэ Инсбрук къалэм IX ЩІымахуэ Олимп Джэгуэгъэ къыщызэІуахащ. Олимпиадэр щІышылэм и 29 - мазаем и 9-хэм екІуэкІащ. Абы щыгъэущ Іэжьэм ису бгым къежэхьынымкІэ ятІэ зэпеуэхэр щекІуэкІауэ щытащ.

♦1992 гъэм Лениным и цІэр зэрихьэу Москва дэт къэрал библиотекэм зэреджэр Урысей къэрал библиотекэу зэрахъуэкІащ.

♦2001 гъэм КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь КІыщокъуэ Алим дунейм екъжащ

♦США-м и 25-нэ президент, а къэралым и унафэщІ нэхъыфІ дыдэхэм ящыщу къалъытэ Маккинли Уильям къызэралъхурэ илъэси 176-рэ ирокъу.

♦Урыс тхакІуэ, драматург цІэрыІуэ, дунейпсо литературэм и классик **Чехов Антон** къызэралъхурэ илъэси 159-рэ ирокъу.

♦Франджы тхакІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэу щыта, Нобель игъэувэ саугъэтыр литературэмкІэ (1915 гъэм) зыхуагъэфэща **Роллан Ромен** къызэралъхурэ илъэси 153-рэ ирокъу.

♦Критик, АКЪУ-м и профессору щыта, филологие щІэныгъэхэм я доктор **Чэмокъуэ Тыркубий** къызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Футболист цІэрыІуэ, тренер, журналист, Урысейм спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер **Ловчев Евгений** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Балетмейстер, КъБР-м и цІыхубэ артист **Думэныщ Іэуэдин** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Чехием щыщ хоккеист цІэрыІуэ, къэралым и командэ къыхэхам и гуащхьэтету илъэс куэдкІэ щыта, Стэнли и кубокыр тІэунейрэ зыхуагъэфэща, Олимп чемпион **Гашек Доминик** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

♦Урысей композитор, уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ, УФ-м и цІыхубэ артист **Маликов Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 49-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІа, Налшык пшэр техьэтекІыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 5 - 8, жэщым щІыІэр градуси 2 - 1 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іуэщыгъэ:

Іуэщыр щэ мэчэнджащэ.

● КъБР-м и Парламентым

ДэІэпыкъуныгъэр зыхуэдэр къахутэ

КъБР-м и Парламентым и зи чэзу зэІуэщІэм, Правительствэм хухах сыхьэтым хыхьэу, щытепсэлъыхьащ аллергие узыфэ зиІэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъуэт дэІэпыкъуныгъэр къызэрызэрагъэпэщым.

КъБР-м узынщагъэр хъумэнымкІэ и министр **Хъубий Марат** къыщыпсалъэм къыхигъэщащ республикэм аллергие узыфэхэр зыхуэдэмрэ ар нэхъ щыетамрэ щыпІэ щхьэхуэхэм я щІыуэпсым и щытыкІэм зэрепхар. Нэхъыбэу а узыфэр здэщыІэр щыуэпсыр щымыщІагъуэ, бгы лъапэ, тафэ лъэныкъуэхэрщ.

ЦІыху балигъхэм абы нэхъыбэу къыхахыр тхьэмбыл узыфэрщ, сабийхэм - щыІфэ узыфэ зэмылІэужьыгъуэхэрщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым, кашпщтэмэ, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм хиубыдэ адрей республикэхэми щыпсэуэхэм абы теухуа медицинэ хуэІуэхуэщІэ щагъэтыр КъБР-м Узынщагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм Аллергием хухаха и центрым и закъуэщ.

Центрыр къудамэ зыбжанэ мэхъу, гъуэльпІи 120-рэ иІэщ. Іуэхущіапіэм и учётым щытщ сымаджэ мин 71,8-рэ. Абыхэм я процент 22-р сабийщ.

Іуэхущіапіэм и поликлиникэм илъэс къэс сымаджэ мини 4-м нэблагъэ йокІуалІэ икІи абыхэм я бжыгъэр кІуэ пэтми хохъуэ. 2018 гъэм я узынщагъэм кІэлъагъэплъащ цІыху мини 3-рэ 394-м (837-р сабийуэ). 2017 гъэм елъытауэ, бжыгъэм хохъуащ.

Хъубий Марат жиІащ Іуэхущіапіэр иджырей Іэмалыщіэхэм тету лэжьэным зэрырыущІэкъур. Ар щхьэхуэу тепсэлъыхьащ КъБР-м и Правительствэм тхьэмбыл уз зиІэхэм зэрызащІигъакъуэм. 2018 гъэм республикэ ахъшэкІэ ингалятор 740-рэ къыхуащхуащ ныкъуэдыкъуагъ зимыІэ, ауэ зи тхьэмбылым сэкъат иІэ цІыхухэм. Абы сом мин 800-м нэблагъэ текІуэдащ. КъищынэмыщІауэ, федеральнэ бюджетым къыхэкІа сом зы мелуанрэ мин 400-м щІигъу зытекІуэда ингалятор 720-рэ къащІахуащ. Къапщтэмэ, хущхъуэхэмкІэ къызэгъэпэщыным 2018 гъэм трагъэкІуэдащ сом мелуан 11,3-рэ.

Министрым гулъытэ хэха хуиущІащ Центрым Іуащхьэмахуэ лъапэ щиІэ къудамэм и лэжьыгъэм. 2014 гъэм къыщыщІэдзауэ 2018 гъэ пщІондэ абы сымаджэ мини 2-рэ 374-м щыкІэлъыплъащ, я узынщагъэр щрагъэфІэкІуащ.

Хъубий жиІащ Іуэхущіапіэм хухах мыпхыр сом мелуан 89,7-рэ зэрыхэуар. 2018 гъэм Центрым щІидзащ пщІэкІэ медицинэ Іуэхутхьэбзэ яхуищІу. Абы и фІыгъэкІэ Іуэхущіапіэр зыхуэныкъуэхэмкІэ къызэрагъэпэщащ, поликлиникэ къудамэм и щІыхьэпІэм пандус хуащІащ, сымаджэщым къиГъэсэбэпыну автомобиль къащэхуащ.

Іуэхущіапіэр зыпэщІэт гугъуехьхэм щытепсэлъыхьыкІэ, къэпсэлъам жиІащ Іэнатіэм зиужьын папщІэ генетикэ лабораторэрэ иджырей Іэмэпсымэхэмрэ иІэн зэрыхуейр.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщі **Егоровэ Татьянэ** щІэупщІащ Центрым зыкъыхуэзыгъэза сымаджэ мини 4-м ящыщу нэгъуэщІ щыналъэхэм къыкІэн я бжыгъэмрэ пщІэншэу ирата дэІэпыкъуныгъэм и куэдагъэмрэ. Хъубийм жиІащ нэгъуэщІ щыналъэхэм къыкІа сымаджэ 850-м ОМС-мкІэ Центрым дэІэпыкъуныгъэ зэрыщагъуэтар.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщіыр адэкІэ щІэупщІащ Іуэхутхьэбзэхэм пщІэ щІатын хуей щІэхъуэм. Министрым къыхигъэщащ къэралыр шэсыпІэ зэрыхъум ипкъ иткІэ Іуэхутхьэбзэхэр пщІэншэу цІыхухэм зэрыхуащІэр, ауэ язныкъуэхэр чэзум хэтыну зэрыхуэмейр.

Депутатхэм жаІащ аллергие узыфэхэр нэхъыбэу къэзыгъэхьей губгъуэжьыхапхъэ (амброзие) къэкІыгъэм зэрыпэщІэтыну Іэмалхэм егупсысын зэрыхуейр, медицинэ ІэщіагъэлІхэм я щІэныгъэм зэрыхагъэхъуапхъэр. Апхуэдэуи абыхэм упщІэ зыбжанэкІэ зыхуагъэзащ АллергологиемкІэ центрым и дохутыр нэхъыщхьэ **Щоджэн Мадинэ**.

ЗэІущІэм къыщаІэта Іуэхухэр псори КъБР-м и Парламентым къищта унафэм къыщыгъэльэгъащ.

БАТЫР Любэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущіапіэ.

● Хъыбарегъащіэ

КІыщокъуэ Алим зэи тщыгъупщэнукъым

КІЫЩОКЪУЭ Алим

Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь, Горький Максим и цІэр зезыхьэ къэрал саугъэтыр зрата, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ усакІуэ КІыщокъуэ Алим и фэеплъу Налшык дэтым щыщыІэлэм и 29-м сыхьэт 11-м удз гъэгъажэ тралъхьэнущ.

КІыщокъуэр дунейм щехьажа махуэм теухуа фэеплъ пэкІум къырихьэлІахэр усакІуэр къыщалъхуа Щхьэлыкъуэ къуажэм къуэрыкІуэ ансамблым елъытынущ.

Сэ фыкъысхуейуэ сывмыгъуэтмэ

Сэ фыкъысхуейуэ сывмыгъуэтмэ,
Дунейр збгынауэ фимыгугъэ.
ЗылІ къимыгъащІэ сэ згъэщІами,
Сыт щыгъуэ гъащІэр си щІэщыгъуэщ.

Щ1ыхуэ зытелъым хуэмытыжмэ,
ХэкІыпІэ куэдрэ ар мылъхьэсу,
Зи щІыхуэ телъым дежьым КІуэрти,
Хуэув и хабзэт ар Іэщыхьуэу.

Сэ фыкъысхуейуэ сывмыгъуэтмэ,
ФемыпІэщІэкІыу фыкъыспэплъэ.
МылІэжьныгъэм стельщ и щІыхуи,
Абы и пщІантІэм фыкъыдэплъэ.

● КъБР-м и Парламентым

ДэІэпыкъуныгъэр зыхуэдэр къахутэ

КъБР-м и Парламентым и зи чэзу зэІуэщІэм, Правительствэм хухах сыхьэтым хыхьэу, щытепсэлъыхьащ аллергие узыфэ зиІэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъуэт дэІэпыкъуныгъэр къызэрызэрагъэпэщым.

КъБР-м узынщагъэр хъумэнымкІэ и министр **Хъубий Марат** къыщыпсалъэм къыхигъэщащ республикэм аллергие узыфэхэр зыхуэдэмрэ ар нэхъ щыетамрэ щыпІэ щхьэхуэхэм я щІыуэпсым и щытыкІэм зэрепхар. Нэхъыбэу а узыфэр здэщыІэр щыуэпсыр щымыщІагъуэ, бгы лъапэ, тафэ лъэныкъуэхэрщ.

ЦІыху балигъхэм абы нэхъыбэу къыхахыр тхьэмбыл узыфэрщ, сабийхэм - щыІфэ узыфэ зэмылІэужьыгъуэхэрщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым, кашпщтэмэ, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм хиубыдэ адрей республикэхэми щыпсэуэхэм абы теухуа медицинэ хуэІуэхуэщІэ щагъэтыр КъБР-м Узынщагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм Аллергием хухаха и центрым и закъуэщ.

Центрыр къудамэ зыбжанэ мэхъу, гъуэльпІи 120-рэ иІэщ. Іуэхущіапіэм и учётым щытщ сымаджэ мин 71,8-рэ. Абыхэм я процент 22-р сабийщ.

Іуэхущіапіэм и поликлиникэм илъэс къэс сымаджэ мини 4-м нэблагъэ йокІуалІэ икІи абыхэм я бжыгъэр кІуэ пэтми хохъуэ. 2018 гъэм я узынщагъэм кІэлъагъэплъащ цІыху мини 3-рэ 394-м (837-р сабийуэ). 2017 гъэм елъытауэ, бжыгъэм хохъуащ.

Хъубий Марат жиІащ Іуэхущіапіэр иджырей Іэмалыщіэхэм тету лэжьэным зэрырыущІэкъур. Ар щхьэхуэу тепсэлъыхьащ КъБР-м и Правительствэм тхьэмбыл уз зиІэхэм зэрызащІигъакъуэм. 2018 гъэм республикэ ахъшэкІэ ингалятор 740-рэ къыхуащхуащ ныкъуэдыкъуагъ зимыІэ, ауэ зи тхьэмбылым сэкъат иІэ цІыхухэм. Абы сом мин 800-м нэблагъэ текІуэдащ. КъищынэмыщІауэ, федеральнэ бюджетым къыхэкІа сом зы мелуанрэ мин 400-м щІигъу зытекІуэда ингалятор 720-рэ къащІахуащ. Къапщтэмэ, хущхъуэхэмкІэ къызэгъэпэщыным 2018 гъэм трагъэкІуэдащ сом мелуан 11,3-рэ.

Министрым гулъытэ хэха хуиущІащ Центрым Іуащхьэмахуэ лъапэ щиІэ къудамэм и лэжьыгъэм. 2014 гъэм къыщыщІэдзауэ 2018 гъэ пщІондэ абы сымаджэ мини 2-рэ 374-м щыкІэлъыплъащ, я узынщагъэр щрагъэфІэкІуащ.

Хъубийм жиІащ Іуэхущіапіэм хухах мыпхыр сом мелуан 89,7-рэ зэрыхэуар. 2018 гъэм Центрым щІидзащ пщІэкІэ медицинэ Іуэхутхьэбзэ яхуиущІу. Абы и фІыгъэкІэ Іуэхущіапіэр зыхуэныкъуэхэмкІэ къызэрагъэпэщащ, поликлиникэ къудамэм и щІыхьэпІэм пандус хуащІащ, сымаджэщым къиГъэсэбэпыну автомобиль къащэхуащ.

Іуэхущіапіэр зыпэщІэт гугъуехьхэм щытепсэлъыхьыкІэ, къэпсэлъам жиІащ Іэнатіэм зиужьын папщІэ генетикэ лабораторэрэ иджырей Іэмэпсымэхэмрэ иІэн зэрыхуейр.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщі **Егоровэ Татьянэ** щІэупщІащ Центрым зыкъыхуэзыгъэза сымаджэ мини 4-м ящыщу нэгъуэщІ щыналъэхэм къыкІэн я бжыгъэмрэ пщІэншэу ирата дэІэпыкъуныгъэм и куэдагъэмрэ. Хъубийм жиІащ нэгъуэщІ щыналъэхэм къыкІа сымаджэ 850-м ОМС-мкІэ Центрым дэІэпыкъуныгъэ зэрыщагъуэтар.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщіыр адэкІэ щІэупщІащ Іуэхутхьэбзэхэм пщІэ щІатын хуей щІэхъуэм. Министрым къыхигъэщащ къэралыр шэсыпІэ зэрыхъум ипкъ иткІэ Іуэхутхьэбзэхэр пщІэншэу цІыхухэм зэрыхуащІэр, ауэ язныкъуэхэр чэзум хэтыну зэрыхуэмейр.

Депутатхэм жаІащ аллергие узыфэхэр нэхъыбэу къэзыгъэхьей губгъуэжьыхапхъэ (амброзие) къэкІыгъэм зэрыпэщІэтыну Іэмалхэм егупсысын зэрыхуейр, медицинэ ІэщіагъэлІхэм я щІэныгъэм зэрыхагъэхъуапхъэр. Апхуэдэуи абыхэм упщІэ зыбжанэкІэ зыхуагъэзащ АллергологиемкІэ центрым и дохутыр нэхъыщхьэ **Щоджэн Мадинэ**.

ЗэІущІэм къыщаІэта Іуэхухэр псори КъБР-м и Парламентым къищта унафэм къыщыгъэльэгъащ.

БАТЫР Любэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущіапіэ.

Зэрызаужьым и нэщэнэщ

● Дыгъуасэ

Урысейм 2018 гъэр Волонтёрым и илъэсу зэрыщыщытар дыгъуасэ КъБР-м ЦІыхуэхэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхуэхэмкІэ и министерствэм къыщызэщІакъуэжащ. Абы хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек.

ЗэІУЩІЭМ щІидзэн и пэ къихуэу, щІалэгъуалэм КІуэкІуэр хагъэгъуэзащ республикэм волонтёр зэщІэхъееныгъэр зэрыщылажьэмрэ зэфІагъэкІхэмрэ, апхуэдэуи яІэ екъуІэныгъэхэм. ЗэщІэхъееныгъэр къудамэ зэмылІэужьыгъуэу гуэшащ, медицинэм, социальнэ Іэхуэхэм, щІыуэпсыр хъумэным, нэгъуэщІхэми я тещІыхьауэ. 2018 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и волонтёр зэщІэхъееныгъэр щытекІуащ «Регион добрых дел» урысейпсо зэпеуэм икІи сом мелуани 8-рэ мини 196-рэ 300-рэ сауГъэту кратащ.

КІуэкІуэ Казбек щІалэгъуалэм защыхуигъазэм къыхигъэщащ волонтёр зэщІэхъееныгъэм хэтхэм ягъэлъагъуэ цІыхугъэмрэ гуапагъэмрэ псом нэхърэ зэрынэхъыщхьэр. «Си дежкІэ нобэ нэрылъагъу хъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и волонтёр зэщІэхъееныгъэм куэд зэрызэфІигъэкІыр. Ауэ псом нэхъыщхьэр фигуми фи псэми къыбгъэдэкІыу абы фызэрыхэтырщ, цІыхухэм сэбэп фахуэхъуну фызэрыхущІэкъуащ. Абы щхьэкІэ фІыщІэ фхузощ, - жиІащ КІуэкІуэм. - Дызэрыщыгъуаззщи, ди волонтёрхэр жыджэру хэтащ Олимп Джэгуэкъым, Хэку зауэшхуэм Теклуэныгъэр къызэрыщытхъэ илъэс 70 зэрырикъур къэралым зэрыщагъэлъэпІами, нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэми. А псор и щыхьэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым фІыкІэ узыщыгугъ хъун щІалэгъуалэ зэрикуэдым. Сыт и уасэ ахэр ди нэхъыжьыфІхэм, Хэку зауэшхуэм хэтахэм зэрызыщІагъакъуэми, щІыуэпсым и къабзагъэм зэрыкІэлъыплъмэ. Ахэр уасэ зимыІэ хэлъхьэныгъэ къызэлъытэ. Волонтёрым и илъэсыр иухами, сыщогугъ дяпэкІи фи зэфІэкІым хэвгъэхъуэну».

КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм къыбгъэдэкІ фІыщІэ тхьилъэр зэІущІэм щратащ Къэбэрдей-Балъкъэрым волонтёр зэщІэхъееныгъэм зыщегъэужьыным хэлъхьэныгъэ хуэзыщІа зыбжанэм.

2018 гъэм волонтёрхэм зыІэрагъэхьа екъуІэныгъэхэм ящыщ КъБР-м волонтёр зэщІэхъееныгъэм зыщегъэужьыныкІэ дэІэпыкъуэгъу хъу щІыналъэ ресурс центр къызэрызэІухар, къищынэмыщІауэ, Урысейм и волонтёрхэм я зэхуэсыр нэгъабэ Іуащхьэмахуэ лъапэ зэрыщрагъэкІуэкІар.

Илъэс етхуанэ хъуауэ КъБР-м и волонтёрхэм яхэт Къумыкъу Каринэ КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэр хигъэгъуэзащ «Летопись боевой славы» я проектым хьыхьу, волонтёрхэм Хэку зауэшхуэм и ветеран 45-м я деж, зыхуейзыхуэныкъуэкІэ зыщІагъэкъуэн мурадкІэ, зэрыщыІар. КъуэщІысокъуэ Зарэ тепсэлъыхьащ езым игъэхьэзыра «Сэ сыбдэІэпыкъунщ» Іуэхум. Ар тещІыхьащ сабий ныкъуэдыкъуэхэр щапІ унагъуэхэм защІэгъэкъуэным.

ЗэІущІэм хэта щІалэгъуалэм упщІэ зыщьанэкІэ зыхуагъэзащ республикэ унафэщІым. Ахэр щІэупщІащ республикэм волонтёр лэжьыгъэм зэрызыщебгъэужь хъуну Іэмалхэм, сыт хуэдэ къэрал дэІэпыкъунигъэ я зэщІэхъееныгъэм игъэутыным, нэгъуэщІхэми. ЩІалэгъуалэм я лъэІукІэ, КІуэкІуэм ахэр къигъэгугъащ светодиоднэ экран къыхуащхьэну.

КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм ешпщІащ ар щыстудента илъэсэр зэрекІуэкІами. КІуэкІуэм жиІащ иджырей щІалэгъуалэм яІэ Іэмалхэр куэдкІэ зэрынэхъыбэр. «Ди зэманым волонтёр зэщІэхъееныгъэ щымыІами, дэри лэжьакІуэ гупхэм дыхэтащ, губгъуэхэм, ухуэныгъэм ди гуащІэ хэтлъхьэ. Нобэ дольагъу мыпхуэдэ зэщІэхъееныгъэм и сэбэпынагъри, сыхуейт адэкІи зывужьыну», - къыхигъащащ КІуэкІуэм.

ЗэІущІэм и кІэуэм КІуэкІуэ Казбек ирагащ Волонтёрым и тхьилъэр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

КъалэныщIэхэр яубзыху

КъБР-м щыIэ къэрал кIуэцI Iуэхугъэмкlэ министр полицэм и генерал-лейтенант Ромашкин Игорь иригъэкIуэкIащ МВД-м и коллегием и зэIущIэ. Абы щыхэплъэжащ 2018 гъэм министерствэм и лэжьыгъэм кIрикIуахэм.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщl **Мусуков Алий**, КъБР-м щыIэ къэрал федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Ткачёв Евгений**, Урысей Федерацэм и Лъэпкъ гвардием и Управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI, полицэм и полковник **Васильев Сергей**, Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и Iуэздэз, полковник **Тимохин Михаил**, республикlэ МВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым и унафэщI **Балъкъыз Валерэ**, республикlэм Къэрал кIуэцI Iэхэухэмкlэ и Iэнатlэхэмрэ Къэрал кIуэцIыдзэхэмрэ я ветеранхэм я советым и тхьэмадэ **Думай Борис**, нэгъуэщIхэри.

КъыщlыIэзхуэсам теухуауэ къэпсэлъащ министр полицэм и генерал-лейтенант Ромашкин Игорь. Абы зэрыжиIамкlэ, нэгъабэ республикlэ МВД-м гулъытэ хэха хуищIащ хабзэр гъэбыдэным, цIыухэхэм я шынагъуэншагъэмрэ я мылъкумрэ хъумэным.

- Властым и органхэмрэ управленэхэмрэ нэгъуэщI Iуэхущlапlэхэм дапыщIауэ зэфIэтха лэжьыгъэм Iэмал къыдитащ криминоген щытыкlэр ди нэIэм щIэдгъэтыну, ар езыгъэкIэкIуэнкlэ хъунум псынщIэу и чэзум делэжьыну, - жиIащ Ромашкин Игорь.

Министрым къыздэхуигъэщащ, зриплъэж пIалъэм щIэпхъэджагъэу ятхам фIыуэ хэщIащ. Абы къыдэкIуэу куэдкlэ нэхъыбэ хъуащ сэтей къащIа щIэпхъаджагъэхэр, хьэлъэхэр, хьэлъэ дыдэхэр хихьэу. Сыт щыгъуи куэдэу, я нэIэ тетщ хъыбарегъащIэ-технокоммуникацэ Iэмалхэр къагъэсэбэпу ялэжь гъэпцIагъэхэр къызэпыудыным.

Республикэм и Правительствэм и Унафэщl Мусуков Алий къыщыпсалъэм жиIащ Къабэрдей-Балъкъэрым щIэпхъаджагъэр нэхъ мащIэ зэрыщыхъуар ар икIи къыхигъэщащ министерствэм и унафэщIхэм нэхъ зытрагъэщIапхъэ унэтIыныгъэхэр.

Нэгъабэ яхуэзфIэкIам тепсэлъыхьащ КъБР-м щыIэ МВД-м и Следственнэ управленэм, Уголовнэ хъыбарыхъуэныгъэмкlэ, Экономикэ шынагъуэншагъэмрэ Iулъхьэм пэщIэтынымкlэ, Наркотикхэм кIэлъыплъынымкlэ и Iэнатlэхэм, УГИБДД-м, Полицэм и участкобэ уполномоченнэхэм я лэжьыгъэмрэ Балигъ мыхъуахэм я Iуэхухэмкlэ къудамэм я унафэщIхэр. Я нэIэм щIэт Iэнатlэхэм я лэжьыгъэм пыща гугъуехьхэр къыхагъэщащ.

ЗэIущIэм гу щыIрагъэтащ зэманым къигъэув къалэн нэхъыщхьэхэм. Ромашкин Игорь ахэр гъэзэщIэныр пщэрылъ ящиущащ а унэтIыныгъэхэмкlэ жэуап зыхь лэжьакIуэхэм.

Коллегием и зэIущIэр Iуэху гуапэкlэ ихуащ. Ведомствэм и унафэщI Ромашкин Игорь «За боевое содружество», «За доблесть в службе» медалхэр яритащ зи къалэныр нэщIысауэ езыхьэкI я лэжьакIуэ зыбжанэм.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Ленинград и блокадэр зэрыIуахрэ илъэс 75-рэ ирокъу

ТекIуэныгъэм и лъагъуэм тезыша «ГъащIэм и гъуэгу»

ЩIышылэм и 27-м илъэс 75-рэ ирикъуащ фашистхэм Ленинград иращIэкIа блокадэр къанэ щымыIэу зэрыIуахрэ. 1941 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 8-м щыщIэдзауэ 1944 гъэм щIышылэм и 27 пщIондэ зэрыпхъуакIуэхэм къаухъурейихьауэ щытащ ди къэралым и «ищхъэрэ къалащхьэр». Махуэ 872-кIэ совет зауэлIхэмрэ ленинграддэсхэмрэ ялэщIэтащ гущIэгъуншэу къебгъэрыкIуэхэм, мэжэщIалIагъэмрэ увыIэгъуэ имыIэу къательалъэ биишэхэмрэ къамыгъэдзыхэу.

ХэКУ зауэшхуэр къыззрыхьейрэ мазитIрэ ныкъуэрэ нэхъ дэмыкIыу фашистхэм къаухъурейихьиу яхуэзфIэкIащ ди къэралым и зыхъумэжыныгъэм папщIэ мыхьэнэшхуэ дыдэ зиIэ Ленинград къалэр. Дунейпсо пролетариатым и пашэ Лениным абы и цIэр зэрызэрихьэми Iэмал кIитырэтхъым ар бийм Iэщlагъэхьэну. Абы щыгъуэми блокадэ зрагъэщIылIа къэхъэм къыдэнат дэIепхъуKIыну хунэмыса мамыр цIыху мелуанитIрэ мин 887-рэ. Мин 400-м щIигъур сабийхэт. Ерыскьырэ гъэсыныпхъэу яIэр мазитIщыкIэ зэрыкъуар.

IэпэдэупIэ имыIэу бийм къиухъуреихьа къалэр лъэгуажьэмыщхьэу яхуэгъэувакъым. МэжалIэми, щIэIэм исми, топышэхэмрэ бомбэхэмрэ увыIэгъуэ имыIэу къательалъэми, абыхэм я зэфIэкI, къару псори фронтымкIэ текIуэныгъэмрэ хуаунэтIырт. ЖылпIэну ирикъунщ 1941 гъэм и кIуэхум ирихьалIэу Ленинград и заводхэм къызэрыщыщIагъэкIар кхъухьлъатэ 318-рэ, танк 713-рэ, бронемашинэу 480-рэ, бронепоезди 6, тол мини 3-м щIигъу, лагъымыдэ мини 10-м нэблагъэ, топышэрэ лагъыму мелуани 3-м щIигъу, зауэм хуэзыпIа нэгъуэщI куэд. А зэманым къыгурыIуэгъу кхъухь 84-рэ яухуащ, 186-р зэрызэуным къарагъэзэгъащ.

Къэралым Ленинград пызыщIэжу къэнар Ладогэ гуэлым кIуэцIраша «гъащIэм и гъуэгурат». МащIэми, абыкIэ кьалэ-лIыхьэжьым даубыдахэм яIэрыхьэрт ерыскьыхэкIэмрэ гъэсыныпхъэхэмрэ, уIэгъэ хуэахэр къраашырти зауэлIхэмрэ техникэхэмрэ зэпыраашрт.

Фашистхэм хэщIыныгъэшхуэ иратащ Ленинград къыщаухъуреихьам. ПсэупIэ унэхэр, заводхэр, фабрикэхэр, Iуэхущlапlэхэр, гъуэгуэхэр къанэ щIагъуэ щымыIэу зэтракъутат. Зэи пхуымыIэжьыкъуэжщ псоу ягъэнахэм я бжыгъэр. Биишэм ихьам къыщынэмыщIауэ гъаблэм зэщIикъуащ цIыху мин 641-м щIигъу.

Совет зауэлIхэр мызэмытIэу псэемыблэжу хущIэкъуащ Ленинград и блокадэр зэпхратхъыну. Ар япэу щахуэзфIэкIар 1943 гъэм и пэщIэдзэращ. Абы и фIыгъэкIэ кьалэ-лIыхьжьым поездхэр дыхьэу хьужащ, ерыскъыр, гъэсыныпхъэхэр, зауэлIхэр, техникэр ирашалIэу. Илъэс дэкIыжри, 1944 гъэм щIышылэм и 27-м блокадэр къанэ щымыIэу Iуахащ.

Ленинград фашистхэм зэрыщахъумамрэ къыдэнахэм я зышыIэныгъэмрэ совет цIыхубэм и текIуэныгъэ нэхъ ин дыдэхэм ящIащ зыщ. Аращ абы «кьалэ-лIыхьжь» цIэр фIащу щIышылэм и 27-р Урысейм и Дзэ щIыхьым и махуэу ди къэралым щIыщащгъэувар.

ХЬЭТАУ Ислъам.

ГъущIо Зариф Тыгъуэн и къуэр

2019 гъэр къызэрихьэра хэщIыныгъэ куэд игъэтащ ди лъэпкъым - щIэныгъэм, гъуэзджэм, литературэм, нэгъуэщI Iэнатlэхэмэ я лэжьакIуэ зыбжанэ дунейм ехьжащ, дэтхэнэ зыри адыгэм хуэлажьауэ, абы и зыужьыныгъэм хуэзфIэкIкIэ хэувауэ. Апхуэдэу гущIыхьэ тщыхъуащ «Адыгэ псалъэ» газетым илъэс куэдкlэ къыщыдэлэжьа, журналист Iэзэ, цIыхубэ Суфян, Шlэл Мухьэмэд сымэ я чэнджащэхэр, абыхэм сахуэмызэшу, газетым и бзэм, и гъащIэм, и дунейм, и лэжьэкIэ Iэмалхэм сыхуэмыпабгъэу зы махуи дэкIакъым».

Журналистикэм къыщIэгъэльагъэу зэфIэкIым и закъуэтэкъым Зариф къыззрацIыхьар. Абы сэ хъарзынэхэри итхьат. НыбжьыщIэхэм я «Шыхулъагъэ» зэгухьэныгъэу Хьэж Сэфарбий и нэIэм щIэту «Адыгэ псалъэм» щылажьэу щытам и гъэсэнхэм ящыщт ГъущIори. 1992 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм Зариф къыщыдгъэкIащ и усэхэр щызэхухьэса, «Губгъуэ мафIэ» зыфIаща тхылъыр. 2000 гъэм дунейм къытехьащ и етIуанэ усэ тхылъри - «Щэху уэздыгъэ» жыхуиIэр.

И лажьыгъэфIым папщIэ Зариф мызэ-мытIэу щытхъу, фIыщIэ тхылъхэмкIэ ягъэпэжащ, саугъэт зэмылIэужьыгъуэхэри кьратащ.

Унагъуэ дахэм, зэрыIыгым къиухьуа ГъущIо Зариф и адэ-анэм, анэкъилъхухэм я зэхущытыкIэ, я хьэл-щэн дахэр зыхилъхьащ, абыхэм я гу хуабагъэр кьыдекIуэкIащ. ГъащIэр фIыуэ илъагъуэ, сыт хуэдэ лъэпощхьэпомэ щIыхь пылъу къыззрыхэкIыным хущIэкъуу, и Iыхьлыхэмрэ и бынхэмрэ яхуэгумащIэу, ныбжьэгъухэр игъэпэжу, и лэжьэгъухэми егъэпэкIыфу псэущ. Апхуэдэуи дигу кьинащ ар: цIыху зэщIэкъуауэ, нэфIэгуфIэу, хьэрэмыгъэншэу. Дигу къкIыжьыуи къэтщтэнущ Зариф мыпхуэдэ и усэхэр зэрыт, и гурыгъуэ-гурыщIэхэр, и щхьхэр зыхуиIуэта тхьилъхэр...

Пхуэмыхъуэжурэ уи хьэлыр,
Дуней псом кхъхьу зыщихьуэж.
ИутIыпщамэ мывэ щхьэлыр,
ГъащIэм махуэр зэщIекъуэж.

ЗэщIекъуэжри, зэманыр,
Къуийцыкlу мывэу, екъуэныхь,
Блэкlа псори зы ещIыжри,
Фlым и ткIуэпсэри езыж.

Пхуэмыхъуэжурэ уи хьэлыр,
Дунеижьым зэ зехъуэж.
Джэгуэху гъащIэр, зэман щхьэлым
Ажал мывэкIэ уехьэж...

«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэр.

ПащIэ Бэчмырзэ ягу къыщагъэкIыж

● Пшыхьхэр

Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ къэрал библиотекэм фэеплъ пшыхь щекIуэкIащ. Ар теухуауэ щытащ адыгэ усыгъэмрэ литературэмрэ я зэхуэблакIуэ ПащIэ Бэчмырзэ къызэралъхьэ щыщылъым и 18-м илъэси 165-рэ зэрырикъуам. Пшыхьыр къызэригъэпэщащ икIи иригъэкIуэкIащ Iуэхущlапlэм и лъахэхутэ къудамэм и лэжьакIуэ нэхъыщхьэ Безыр Лени.

ЗэIУЩIЭР щекIуэкI пшыхьым щагъэуващ «ПащIэ Бэчмырзэ и адыгэбзэ» тхылъ дапхъэр. Абы халъхьащ илъэс зэмылIэужьыгъуэхэм ПащIэ Бэчмырзэ и Iэдакъэ къыщIэкIа усэхэр щызэхуэхьса тхылъ купщIафIэхэр, и гъащIэмрэ гуащIэмрэ, и тхыгъэ щхьэхуэхэм теухуауэ щIэныгъэлIхэмрэ тхакIуэхэмрэ ятхахэр.

Зэхьхьэм ирагъэблагъащ Бэчмырзэ и къуэрылъу Муртаз, КъБКъУ-м филологиемкlэ и институтым адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкlэ и къудамэм и студентхэр, Урыху кьуажэм и курыт еджапIэ №92-м, Аушыджэр къуажэ школым я гъэсэн ныжьыщIэхэмрэ абыхэм я гъэсакIуэхэу КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ Мэрэей Зоерэ тхыдэмкlэ егъэджакIуэ, аспирант Къардэн Каринэрэ.

КъБКъУ-м и студент Джэду Сэкинат пшыхьым кьрихьэлIахэм ягу къиигъэкIыжащ ПащIэ Бэчмырзэ и гъащIэмрэ гуащIэмрэ.

Адыгэ литературэм и зэхэублакIуэ ПащIэ Бэчмырзэ щIыхь зыпылъ гъащIэ кьикIуащ. Псоуэу ар зыхуэлэжьар цIыхубэрщ, лъэпкъ литературэрщ, къызыхэкIам Iуэхутхьбзэ хуэщIэныщ, Усакlуэр езым зэхилъхьэжа алфавиткIэ тхэжу щытащ, есэпым, логикэм, астрономием, дин Iуэхум куууэ щыгъуаззу щытащ, и поэзиер классикэ литературэхэм щыпашэ мотивхэмрэ гъэпсыкIэхэмрэ хуэхяхьым. Абазэ Кьамбот, Агьнокъуэ Пашэ, Мыжей Сэхьид, Сыжажэ Кьылъшыкъуэ сымэ я Iэужьу къэнам кьыщхьэщыкIыу ПащIэ Бэчмырзэ езыр-езыру хамэ усэкIэм и закъуи бзыпхъэ тримыхьиу, лъэпкъ поэзием и зыужьныгъэ лъагъуэм иригъаазэу, япэ итахэм яхэлъа фIы псори кьызэщIиубыдэурэ усэным и хабзэщIэ кьезэгърабгъу гуэрхэр хилъхьэжурэ адыгэ поэзиер тхыгъэ хабзэм и гъуэгум тригъэуващ. ГурыIуэгъуэщ жьабзэ творчествэмрэ тхыбзэ творчествэмрэ зэрызэщхьэщыкIыр икIи ар икъуэкIэ хэлъхьэныгъэшхуэу хуэзфIэкIащ усакIуэм. Бэчмырзэ и Iэужьхэр езым зэхигъэува къэрфэхэмкIэ тхауэ хьумащ, адрейхэр тхыгъэкIэ ямыгъэтыжа щхьэкIэ усакIуэм и ныбжьэгъухэм, и Iуэжагъуэхэм, и бынунагъуэм щыщхэм е зэи ар зымыпъэгъуэхэм Iуэрыпуэгъэ-жу зэрарылъыпы хуэдэу ятхыжащ. Япэрейхэр зы кьупхъэм итщ, етIуанэнэхэм вариант зэтехуэ яхэтщ. Адыгэ тхыбзэ творчествэм зегъэужьыным, ар кьэунэхуным цIыху щэджащэ куэдэ хуэлэжьащ, ауэ ПащIэм хуэзфIэкIар кьахощхьэхукI. Абы кьыщIэнащ пасэрей джэгуакIуэхэм я уэрэд усыкIэ хабзэм тету зэхэлъхьа уэрэдхэр, зыхуэза Iуэхугъуэ гуэрым ехьэлIауэ кIуэрыкIуэм тету джэгуакIуэхэм зэхалъхьэу щыта усэхэр, псалъэ пэжхэр.

Жылагъуэ Iуэхукlэ ПащIэр Тыркум, Сирием, нэгъуэщI щынальэхэм щыIащ, Истамбылакlуэм и зэманти, адыгэр Хэкум иэпхъуэкIыр. «Тыркур мусльымэн жылэщ, Алыхьым и нэфIыр зыщщихуа хэкущ, жэнэт унаплэщ», - жаIэрти. Бзэчмырзэ и псэ мызагъэр апхуэдэ гуэзвэгъуэм блэкIыфынт?! Зорыкъэбэрдейуэ доунэхъу, жиIэри Тыркум плъакIуэ кIуащ ар. «Хым икIыжахэм» я натIэ хъуар абы игъэунэхури кьыгъэзэжащ икIи ар IэфIми диджми кьиIуэтэжащ: «ФыщIалъэуа хэкум и щIыбагъкIэ насып фыщымыIыхьхъуэ».

Еджакlуэхэр Бэчмырзэ и усэхэмрэ псалъэ пэжхэмрэ гъэхуауэ кьеджащ, усакIуэм и гъащIэ гъуэгуанэмрэ и тхыгъэхэмрэ фIыуэ зэрыщыгъуаззэр ягъэнатIуэу. Безыр Ленэ абы и гъащIэмрэ гуащIэмрэ теухуа зэхьэзэхуэ кьызэригъэпэщащ, ныбжьыщIэхэр зэрыщыгъуаззэр кьиплъыту. Жэуап пэж къэзыта гъэсэн Iущхэм ар яхуэупсащ ПащIэ Муртаз и гушыIалъэхэмкIэ.

Муртаз пшыхьым кьрихьэлIахэм яхутепсэлъыхьащ и адэшхуэм и Iэдакъэщlэкlэхэм, абы и хъэтIыр зыщи зэрыхэмыгъуащэм. Апхуэдэу игу кьиуэгъэкIащ Бэчмырзэ и псэукIам теухуа Iуэхугъуэхэри, ХьэтIохъущкIуэрей жьыр хадзам ит ПащIэ Бэчмырзэ и фэеплъыр и адэ Хьид и сурэтым кьызэрыгащIыкIар. Абы фIыщIэ яхуищIащ зэхьхьэр зыщIэзэщхэмрэ зэкеIуэлIахэмрэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Сурэтыщl гъуэзджэхэмкIэ Тэрч къалэм дэт еджапIэм и гъэсэнхэр хэтащ сабий сурэтхэм хуохакуэ Красноярск щекIуэкIа урысейпсо зэпеуэм.

«КъЭКIУЭНУМ и кьалэ» урысейпсо щIалэгъуалэ центрым къызэригъэпэща мы Iуэхум хэтащ ди къэралым и щIыналъэ куэдым икIа цIыкIухэр. Зэхьэзэхуэр хуэунэтIат кьыдэкIуэтей щIэблэр дахагъэм дегъэхьэхьныпрэ псэкупсэ гъэсэныгъэ тэмэм ябгъэдэлъхьэныпрэ. «Сурэт» фIэщыгъэм щIэта номинацэм и заслугэ Iэдакъэщlакl нэхъыфIу 17 щагъэлъэгъуащ икIи абы етIуанэ увыпIэр щиубыдащ Тэрч къалэм и курыт школ №-3-м и 8-нэ классым щеджа Щомахуэ Сэхьид «Гуп-сэху» зыфIища лэжьыгъэм. ЩIалэ зэчиифIэм кьратащ щIыхь тхылъ. Сэхьид и егъэджакIуэри зэхьэзэхуэм хуэзыгъэхьэзырари Къатей Арсенщ.

ЖЫЛЭХЬЭЖ Иринэ.

НэхъыфIхэм хабжэ

● Хъыбар гуапэ

Хьэблэщlэм папщIэ

Прохладнэ къалэм и Ищхъэрэ хьэблэр гъэсыныпхъэ щыкIуэнтIэмкIэ къызэрагъэпэщ.

А УНАПIЭХЭР цIыхухэм зэрыратрэ илъэси 10 дэкIащ, арщхьэкIэ газымкIэ и кIэм нэсу къызэгъэпэща хуэакъым. ЩIалпIэ къызыхупача унагъуэхэм я бжыгъэр 200-м щIегъу. Абыхэм ящыщу мы зэманым ищхъэрэм щыпсэур 50-рщ. Урысейм и «ЦIыхубэ фронт» жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ Унэхэр зыхуэI хуэгъэзэнымкIэ управленэмрэ районым гъэящэнэр, хьэблэр зэIуэпэщ ящIыныр пщэрылъ зыщащIыжащи, кIэлъыплъынущ.

Ищхъэрэм газыр ирашэлIауэ щытащ, ауэ абы текIуэдэну мылъкур яхуримыкIуу, Iуэхур пасэу къызэтрагъэувыIэжьынхэ хуей хъуат. Бжьамийкхэр 2019 гъэм и мазаем щыщIэдзауэ щIыпIэм ирашэлIэнущ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

Журт унагъуэ къезыгъэлахэр

● Жыжьэ - гъунэгъу

Холокостым хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэм, щIышылэм и 27-м, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и жэрдэмкIэ Малкэ къуажэм къыщыызэIуахащ Хэку зауэшхуэм хахуагъэ щыезэыхьа Уэщхьунхэ Шэбанрэ Лаурсэнрэ я фэеплъ.

ФИГУ къздгъэкIыжьинщи, 1945 гъэм щIышылэм и 27-м совет зауэлIхэм хуит къащIыжауэ щытащ Освенцим концлагерь нэхъ ин дыдэр. Журт къудейуэ цIыху мин куэд икIуэдащ абы, адрей лъэпкъхэм я гугъу умыщIыхьхи. 2005 гъэм ООН-м и Генеральнэ Ассамблеем игъэуващ щIышылэм и 27-р Холокостым хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэу.

А журт лъапсэрыхьм щIыналъэхуэ къызэщIеубыдэ. ЯгъэкIуэдыр Европэм хиубыдэ къэралхэм исхэм я закъуэтэкъым, атIэ Хэку зауэшхуэм и лъэныкъэм нэмыцэхэм яубыдауэ щыта щIыпIэхэм исхэми ялъэIэсащ. 1942 гъэм и бжьыхьэм фашистхэр Налшык къэсауэ щытащ. Пыыгъажэ зауэм пIалъэкIэ зэтриубыдат бийхэр, ауэ, дауэ мыхъуми, ди щIыпIэри къащтащ икIи коммунистхэри, комсомолхэри, партизанхэри, журтхэри зэтраукIэу хуежьащ.

Зауэ илъэсхэм Малкэ щыщ Уэщхьунхэм я унагъуэм къинар лIыжькI-фызыжьхэрат, я куэд Лаурсэн зэуалIэм Iуахат. Абы и лъапсэм ит унэ щIыкIум журт унагъуэ, сабиитху япIу щыпсэурт. Ахэр зы унагъуэхуэу хуэдэу зэхэст, уеблэмэ Мигиров Iэмин адыгэбзэкIэ псалъэрт. Зэгуэрым полицаймэ ящыщат абы я пщIантIэм фашистхэм ящыщ, Мигировхэ иригъэубыдыну. АрщхьэкIэ, Шэбан къэуври, Iэмин и анэ къиIухуа и кьуэшу жиIащ. Абы и щхьэ хилъхьэнкIэ хьуну шынагъэт, журтхэр зыгъэпщкIуэхэр яукIырт я лъэхъэнэм, Шэбан и псэм къыхуидакъым апхуэдизу гъунэгъу хуэхъуа унагъуэр зэтрыригъэукIэну.

1943 гъэм и щIышылэм советыдзэм кьрагъэутIыпщыжащ ди лъахэр, армыхъуамэ, унагъуитIми я щхьэ кьрикIуэнур хэт ищIэнт.

Лаурсэн псэууэ кьикIыжащ зауэм. Абы къыхуагъэфэщат Невский Александр, Вагъуэ Плъыжь орденхэр, Хэку зауэшхуэм и 1-нэ, 2-нэ нагъыщIэ зиIэ орденхэр, медаль зэмылIэужьыгъуэхэр.

Уэщхьунхэ Шэбанрэ Лаурсэнрэ я фэеплъыр къыщыззIуахым щыIащ Дзэлыкъуэ район администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ Дохьушокъуэ Исмэхьил, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм хэт Колиревэ Марие, КъБР-м и Мусульманэхэм я управленэм и унафэщI Дзасэжь Хьэзрэтэлий, нэгъуэщIхэри.

ПэкIуэ къызэIуихащ Малкэ къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Джэдмышх Руслан. Абы жиIащ зауэ зэманым малкэдж 623-рэ зауэм зэрыдэкIар, 330-рэ зэрыхэкIуэдар. 293-м къагъэзэжащ, абыхэм ящыщщ Лаурсэни. Ар къэкIуэжа нэужь къуажэр зыхуей хуэгъэзэжыным и гущIэ хилъхьэу псэущ. Дохьушокъуэм жиIащ: «Уэщхьун Шэбан фэеплъ къызэрыхуэзIуахьэр и щыхьэтщ цIыху гъащIэр щамыльытэ зэманым абы къыльыкуэкIа цIыхугъэмрэ хахуагъэмрэ щIыхь зэрыхуэтщIым, унагъуэр къызэрыригъэлам щхьэкIэ дызэрыхуэарэзым, абы и лIыгъэм дызэрыригушхуэм».

Мигиров Iэмин и къуэрылъхуэху Сергейрэ Валерийрэ Уэщхьунхэ я унагъуэм фIыщIэшхуэ хуащIащ. «Шэбан и лIыгъэр мыхъуамэ, дэ иджыпсту дыщыIэнутэкъым», - жаIащ абыхэм.

ШОКЪУМ Iэмин.

КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ Iуэхущlапlэм, «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Кабардино-Балкарская правда», «Горянка», «Советская молодежь» газетхэм, «Iуащхьэмахуэ», «Мингi Тау», «Литературная Кабардино-Балкария», «Нур», «Нюр», «Спутник Кабардино-Балкарии», «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, «Налшык» ОРТК-м, ВГТРК-м и «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къыбарегъащIэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, Джылпо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм я лэжьакIуэхэр КъБР-м экстремизмэмрэ щIалэгъуалэ политикэмрэ яплъыж лэжьыгъэхэр щыпIэхэм щызэрыгъэуIуныкIэ и министр **Къуэшрокъуэ Залым** хуогузавэ абы и адэ **Къэрэшей** дунейм зэрехьакъым къыхэкIыу.

● Жыжьэ - гъунэгъу

Гъуэгу ирагъэблагъэ

Адыгэ Республикэм и Парламентым и Унафэщl Тлишев Аслан Къазбечерий ипхъу Ирадэ ятэ Iуэхуэсакъым и 27-м щыIэ Iуэхуэсакъым ирагъэблагъэ.

Iуэхуэсакъым и 27-м щыIэ Iуэхуэсакъым ирагъэблагъэ Адыгэ Республикэм и Парламентым и Унафэщl Тлишев Аслан Къазбечерий ипхъу Ирадэ ятэ Iуэхуэсакъым и 27-м щыIэ Iуэхуэсакъым ирагъэблагъэ.

Ислъамым и нур

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар
Жылокъуэ Лусаннэщ.

«Къуаргъым игу къэкІар сигу къэкІакъым»

● Хъыбар гъэщІэгъуэн

Хьэбилрэ Къабилрэ къалъхун ипэ ильэс куэдкІэ уэлІэбжьыжьмэ, иджыри цІыху къыщымыгъэщІам, Іиблис муслъымэну щытащ. Апхуэдэу щытми, ар мелыІычу зэи щытакъым, атІэ ар жину арат, къызыхищІыкІари, мафІэщ. Абы и цІэу щытар Хьэзазилщ. Ар Алихьым хуэжыІэщІэт, жэнэтми щыпсэурт.

Зэман дэкІри, Алихьым къигъэщІащ япэ цІыхур - Іэдэм (Тхьэр арэзы зыхуэхъуныр). Тхьэм къигъэщІа псоми Іэмыр яхуищІат Іэдэм щхьэщэ хуащІыну. А Іэмырыр псоми ягъэзэщІащ Хьэзазил (Іиблис) къищынэмыщІа. Ар Іэдэм епэгэкІащ, - и щхьэ трилъхьакъым цІыхум щхьэщэ хуищІыну, езыр зэрыжиным папщІэ нэхъ лъапІэу зыкъилъытэжащ. Апхуэдэу щытхъум, Тхьэр губжьри, ар жэнэтым кІрихуащ. Мис абы щыгъуэщ Хьэзазил и цІэр Іиблискіэ щыгъэзрахьэуэкІар. «Іиблис» жиІэмэ, «нэлат» жиІэу аращ и мыхьэнэр. Іиблисыр Алихьым елъэІуащ Кьемэт махуэр къэсыху игъэпсэуну, арщхьэкІэ, Тхьэм абы хухихакъым апхуэдиз пІалъэ, ауэ къыгъэгугъащ гъащІэ кІыхь иритыну, жыхьэнмэ мафІэм къызэрыхэмыкІынуми щыгъуазэ ищІащ (Тхьэм ищІэр Езым ещІэж). Жэнэтым къыщІэрихуми, Іиблис губжьауэ жиІащ: «ЖыхьэнмэмафІэр псэупІэ щысхуэхъунукІэ, схуэзфІэкІмэ, цІыху псори щызгъэзэнщ, жыхьэнмэм здэсшэнщ». Нобэр къыздэсым шейтІан бзаджэм ар егъэзащІэ, цІыхур щегъауэ, егъэунэхъу.

ИужькІэ Алихьым Іэдэмрэ Хьэуарэ щІым къигъэкІуащ щигъэпсэуну. Абы щыгъуэм щІым щыпсэурт жинхэр икІи мыхъумыщІагъэ куэд ялэжьырт. Жинхэм ящІэрт, Іэдэмрэ Хьэуарэ дунейм щыпсэумэ, Іэдэм и бынхэри зэрыщыгъэнур. Іиблис щигъэуагъэхэм ящыщщ Іэдэм и бынхэу Хьэбилрэ Кьабилрэ.

Іэдэм лІыкІуэмрэ (Тхьэр арэзы зыхуэхъуным) Хьэуарэ я бынщ Хьэбилрэ Къабилрэ. Хьэбил мэлыхъуэт, Къабил щІы зэрихьэрт. Алихьым Хьэуарэ Іэдэмрэ иІэм къэхуищІат я щІалэхэм фыз къарагъэшэну. А Іэмырыр и бынхэм щажриІэм, ахэр абы арэзы техъуащ. Хьэбил щхьэгъуэз ищІыну хуейт Кьабил и гъусэу къалъхуа хъыджэбзыр, арщхьэкІэ Кьабил и шыпхъур езыми игу ирихьырти, ар къишэну хуейт. АрщхьэкІэ, уи шыпхъу къэпшэныр хьэрэмти, дауи, Іэдэм ар хуидакъым Кьабил.

Захуэмрэ къуанщэмрэ щІалэхэм къагуригъэІуэн мурадкІэ, Іэдэм абыхэм Іэакъыммыр яхуищІащ Тхьэм къурмэн хуащІыну, хэт и къурмэныр кьабыл хъуми, абы и телъхьэу щытыну. А къалэныр я пщэ дилъхьэри, езыр хьэжыщІ кІуащ Мэккэм.

Хьэбил мэлым я нэхъ иныр къурмэн ищІащ, Кьабил и гуэдзым хэплъэри, нэхъ мыхьэнэншэ дыдэм щыщщ къурмэн ищІар.

Хьэбил и къурмэныр Тхьэм къабыл ищІри, Кьабил ейр имыщІу къэнащ. Апхуэдэу щыхъум, Кьабил нэхъри губжьащ, и шыпхъур Хьэбил къишэмэ, иукІынуи жриІащ. Хьэбил жэуапу итыр зыт: «Тхьэм щышынэм и къурмэныращ кьабыл хъунур». АрщхьэкІэ, ар Кьабил зэхихыну хуейтэкъым.

Махуэ гуэрым Хьэбил унэм къэкІуэжакъым. Іэдэм гузавэри, Іуэхур зытетыр крагъэщІэну Кьабил игъэкІуащ Хьэбил мэл щигъэхъу щІыпІэм.

Аэар щызэхуэзэм, Кьабил аргуэру жиІащ: «Уэ уи къурмэныр кьабыл хъуащ, сэ сысейр хъуакъым». Хьэбил и псалъэхэм иджыри зэ къытригъэзэжащ: «Тхьэм щышынэхэм я къурмэнращ кьабыл хъур». А псалъэхэм нэхъри нэхъ Іейжу ягъэгубжьа Кьабил мурад ищІащ Хьэбил иукІыну. АрщхьэкІэ, езым нэхърэ Хьэбил нэхъ Іэчлъэчт, пэлъэщыныгъэкъыми, жеиху пэплъэри, зэрыжейуэ, мывэшхуэ кьищтэщ, и щхьэм еуэри, иукІащ.

ЗэхищІыхьар къыщыгурыІуэжым, кІэгъуэвэжащ. Ауэ ар илэжьам хущІегъуэжауэ аратэкъым, атІэ хьэдэм ирищІэнур имыщІэу арат. Куэдрэ мыгупсысэу, Хьэбил и хьэдэр и пІэм трилъхьэри, ежьащ, ауэ щыхъукІи здэкІуэри, щІэкІуэри ищІертэкъым. Дунейр хуабэти, хьэдэм мэ ищІын щІидзащ, хьэкІэжъуэкІэхэр мэм къишэу хуежьащ. Кьабил нэхъри къэзгъэващ. Асыхьэтым абы и щхьэщыгум кьуаргъитІ зэзауэу къыщыхутащ. Зым адрейр иукІри, щІым къеохуэхащ. Псэуэ къэна кьуаргъым и пэмкІэ пшахъуэр къритхъури, иукІар абы иридзащ, иужькІэ пшахъуэр тритхъуэжащ. Ар щиІагъуэм, Кьабил жиІа псалъэхэр КъурІэнми къыщыкІуэжащ: «**Гуэвэгъуэ! Къуаргъым игу къэкІар сэ сигу къэкІакъым, си къуэшым и хьэдэр схуэгъэпщкІуакъым**».

Къуаргъым и щапхъэ тету, Кьабил и къуэшыр щІилъхьэжащ. Мис апхуэдэ щыкІэкІэ шейтІаным къигъэпщащ Кьабил икІи игъэунэхъуащ.

Аращи, шейтІаным и кьалэныр егъэзащІэ, дэри ди кьалэныр ар зытедмыгъэкІуэныращи, ар тхуэзфІэкІмэ, ди насыпщ.

Мыпхуэдэ и щапхъэ щыІэщ: «Мухьэмэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфІыр зыщІыхуам) жиІащ: «Хэт лей зэрихьэу муслъымэн икІми, ар зыукІам гуэныхъ кьызэрихьым хуэдабзэу, Іэдэм и къуэ Кьабили гуэныхъ хуатх, сыту жыпІэмэ, аращ япэ дыдэу апхуэдэ Іуэхугъуэ зылъжьар».

Зеиншэхэм дахуэвгъэсакъ

● Уаз

Мухьэмэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфІыр зыщІыхуам) жиІащ: Сабий зеиншэр щыгъкІэ, абы и гъы макъым уафэ къатиблыр егъэзджызджэ. Алихьым жеІэ: «**МелыІычхэ, хэт а сабий зеиншэр зыгъэгъар?! (Ауэ щыхъукІи, Тхьэм ещІэ ар хэтми). МелыІычхэм жаІэнущ: «ТщІэркъым, ди Тхьэ лъапІэ». ИтІанэ Алихьым жиІэнущ: «АтІэ, щыхьэт фытехъуэ, Сэр папщІэ зеиншэр зыгъэгуфІэхэр, Кьемэт махуэм Сэ зэрызгъэгуфІэжыным».**

«**Зеиншэм и гур хыумыгъэщІ, лъэІукІэ зыкъыпхуэзыгъазэри Іуумыхуж**» (Духьэ сурэм и 9-10-нэ Іэятхэр). Мы Іэятым и мыхьэнэр Ибн Кэсир и тэфсирым мыпхуэдэу къыщыкІуащ: Уэ, Мухьэмэд, ущызеиншэм Алихьым къызэрыпхуэсакъам хуэдэу, Уэри зеиншэхэм яхуэсакъ, абыхэм я жагъуэ умыщІ, умыгъэпуд, адэ гумащІэм хуэдэу, щабэу яхущІыт.

НэгъуэщІ Іэятым къыщыкІуащ: «**Алихьым фІы кьыфхуищІэурэ фыщигъэунэхукІэ, фэ жывоІэ: «Алихьым и нэфІыр къытущыхуащ». Алихьым ерыскъыншэ фищІауэ, гугъуехькІэ фыщигъэунэхум деж жывоІэ: «Алихьым... и нейр къытщыхуащ». Хьэуэ! Фэ езыхэм зеиншэхэр фымылъытэу аращ, абыхэм я мылъкур зэфІъэфалІэу аращ**».

НэгъуэщІ Іэятым щыжеІэ: «**Шэч хэлъкъым зеиншэм и мылъкур фІэзышхьи и кІуэцІым жыхьэнмэ мафІэр зэрыщыжьэнум**».

Апхуэдэ Іэятхэр куэд мэхъу.

Хьэдис куэди щыІэщ зеиншэхэм ятеухуауэ.

Мухьэмэд бегъымбар лъапІэм (Тхьэм и нэфІыр зыщІыхуам) и хьэдисхэм куэдрэ къыщыкІуащ зеиншэм техуха хъыбархэр. ЛыкІуэм (Тхьэм и нэфІыр зыщІыхуам) дыкъыхуриджащ абыхэм щабэу яхущытынир икІи зеиншэхэм я гур фІы зыщІым къыпэплъэ фІыгъуэхэми кьытхутепсэлъыхьащ.

Абу Хьурейрэ къиІуэтэжащ мы хьэдисыр: «Мухьэмэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфІыр зыщІыхуам) жиІауэ зэхэсхащ: «Зи Іыхьлыхэм ящыщу е ящымыщу зеиншэ хъуа сабийр зыпІымрэ сэрэ мы си ІэпхъуамбитІым хуэдэу дызэпэгъунэгъуу жэнэтым дыщыІэнущ».

НэгъуэщІ хьэдисым щыжеІэ: «Сабий зеиншэм балигъ хъухукІэ хуэсакъам Іемал имыІэу жэнэтыр къыпоплъэ».

Адрей хьэдисым къыщыкІуащ: «Мухьэмэд бегъымбар лъапІэм (Тхьэм и нэфІыр зыщІыхуам) жиІащ: «Ухуейт, уэ уи гур щабэ хъуну, уи лъэІури кьабылу пІихыну? АтІэ, зеиншэм гущІэгъу хуэщІ, абы и щхьэм Іэ дэлъэ, уэ пшхым щыщ егъэшхи, мис итІанэ, уэрэ уи гур щабэ хъунщ, уи лъэІури кьабыл хъунщ».

Аращи, нэгъуэщІ зыри тхуэзфІэмыкІми, зеиншэм псалъэ дахэ жеІэмэ, и щхьэм Іэ дэтлъэмэ, аркъудейм псалъэ пылъыр куэдщ, адрейхэм я гугъу дымыщІми. Аращи, яхуэдвгъэщІ сабий зеиншэхэм гулъытэ!

Къамгъуэт Нажмудин куэдым сэбэп яхуохъу

● Щопсэу Лашынкъей зы щІалэ

Къамгъуэт Нажмудин 1938 гъэм щІышылэм и 1-м Лашынкъей къуажэм къыщалъхуащ. Ар иджыри сабийуэ Хэку зауэшхуэр къэхьеящ, и адэри, и адэ къуэшри зауэм дашри, лъэужьыныншэу абы хэкІуэдащ.

Нажмудин сымэ зэрыбынитху хъурт. Дауи, я нэгу щІэкІар мащІэкъым. Абы зэрыжиІэжьмкІэ, ахэр бгъэныщхьэ унэ кІыхьышхуэм щыпсэурт я адэшхуэ-анэшхуэм я гъусэу. Я лъапсэм зыбжанэрэ лагъым кІихуауэ щытащ.

- Лагъымхэр къыщрадзыхкІэ, гъуэлъыпІэ лъабжьым зыкІэщІэддзэрт, - игу кьеГъэкІыж Нажмудин. - Алихьыргу, Алихьым и ужькІэ, ди адэшхуэм и фІыгъэщ псэууэ дыкъыззэрынар. Ар лІыжь губзыгъэт, псэукІэ ищІэрт. Ди адэшхуэр яхэту, лІыжьищ хъууэ зэгухьэри, мэзым хьэку кІыхьышхуэ щІащІыхьауэ щытащ. Мэзым къыщыкІ кхъужь, мы, къущхьэмышх хуэдэхэр къыпытчырти, къахуэтхьырт, ахэр хьэкущхьэм тракІутэрти, тІэкІу ягъэгъурт, ижькІэ, ар Ставрополь краймкІэ кІуэцІрашырти, ящэрт. Мис абы къыщІаха тІэкІумкІэ дапІащ, дагъэмэжэлакъым.

«Зауэм и кІэр хьэдагъэщ», - жыхуиІэрати, Нажмудин и адэми, и адэ къуэшми къагъэззэжакъым. Абыхэм я лъэужьыр хьикутэн мурадкІэ, ар къыщыщІидзащ щІыпІэ куэдым, арщхьэкІэ сыт ищІами, щыхэкІуэда щІыпІэри щыщІалъхьари къыхуэгъуэтакъым, ауэ и адэм теухуауэ зы хъыбар закъуэ зэхихащ: «Дон псышхуэм зэпрахуэкъм яхэту уи адэри шууэ псым зэрыхьыхар тлъэгъуащ, ар зытеса шыр псым къызэрыхэкІыжари ди нэгу щІэкІащ, ауэ уи адэр шым тесыжтэкъым. Абы щыгъуэм псым итхьэлар апхуэдизкІэ куэд хъурти, псыщхьэр уимыгъэлъагъу жыхуаІэм хуэдэу пыІэхэр псы щыІум телъу ирихьэхырт».

Нажмудин и гъащІэм дапхуэдизгугъуехь хэлъами, ар языхэзым къигъэдзыхакъым, атІэ лъэпощхьэпо псори ІэщІыб ищІурэ, ипэкІэ кІуэташ. ФІы и лъэныкъуэкІэ цІыхум кхахэщу къэгъуэгурыкІуащ, щІэныгъэ нэхъыщхьи зригъэгъуэташ, лэжьыгъэми и ветеран хъуащ.

КлассипщІыр къиухыу, школым къыщыщІэкІа махуэм шэмэджжыр кІищтэри, губгъуэм ихьауэ щытащ мэкъу еуэну. А махуэм щегъэжьауэ пенсэм кІуэху зы махуэ мылажьэу щысакъым, уеблэмэ, ар хуагъэува нэужьи ильэс зыбжанэкІэ лэжьащ.

Кьалэм къыщыкІуам а зэманым лэжьыгъэр икъукІэ гъэутыгъуейт. ПхъащІэ лІы гуэрым ГъусэІащІри, абы дэІэпыкъуурэ, Нажмудини а ІэщІагъэм зыхуригъэсащ. ИужькІэ Нэпшык дэта, унэхэр зыужу, зэзыгъэпэщ. Іуэхущ1аІэм уври, пхъащІэу лэжьэн щІидзащ. ИлъэсищІ нэхъ дэмыкІыу лэжьапІэм унэ ятратащ (иджыри щхьэгъуэз кІимышэ щІыкІэ). Нажмудин нэгъуэщІ ІэнатІэхэми Іутащ, мастеру, прорабу лэжьащ, фІыщІэ, щытхъ тхылъ куэди къыхуагъэфэщащ.

Лажьэурэ, еджапІэ нэхъыщхьэм щІэтІысхьэри, тхыдэмкІэ факультетри ехъулІэныгъэкІэ кІиухащ, арщхьэкІэ и псэм фІэфІыр зыпэрыт ІэщІагъэрати, ухуакІуэхэр щраГъэджэ техникумри кІиухьажащ. Нажмудин дихьэшхьырэ игу кьеГъэкІыж: «ЛпэщІыкІэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зэзгъэгъэутри, иужькІэ сыкъеджьыхьжащ».

Нажмудинрэ и щхьэгъусэ Розэрэ бынитІ зэдагъэутащ - хъыджэбзрэ зы щІалэрэ. Тлуми щІэныгъэрэ ІэщІагъэрэ яІащ.

Нажмудин апхуэдизкІэ цІыху щабэщ, бзэ Іэфіщи, цІыкІуи ини, жьыи щІэи абы и ныбжьэгъущ. ГъэщІэгъуэныращи, сыт хуэдэ ныбжьыи итми бгъэдыхьэкІэ къахуеГъуэтыф, дэтхэнэми я гукъеуэм йодэІуэф, чэнджащ яретыф. Нажмудин пщІэ хуэзымыщІ, абы фІэмыслІыкІ хьэблэми жьлэми дэсу къыщІэкІынукъым. Псапэ щІэным къыхуигъэщІам хуэдэщ ар, ауэ и Іэдакъэм щІэкІэм утепсэлъыхьу зэрыфІэмыфым ипкъ иткІэ, а псори наІуэ къэсщІынкъым. Нажмудин сэбэп зыхуэхъу псоми къыхужаІэ хуэхъуэр Тхьэм къылъигъэс, узынщагъэ быдэ иІэу, цІыхухэм къыхуащІ пщІэм, дзыхьым хэхъуэу псэуну ди гуапэщ.

«Къуаргъым игу къэкІар сигу къэкІакъым»

● Хъыбар гъэщІэгъуэн

Хьэбилрэ Кьабилрэ къалъхун ипэ ильэс куэдкІэ уэлІэбжьыжьмэ, иджыри цІыху къыщымыгъэщІам, Іиблис муслъымэну щытащ. Апхуэдэу щытми, ар мелыІычу зэи щытакъым, атІэ ар жину арат, къызыхищІыкІари, мафІэщ. Абы и цІэу щытар Хьэзазилщ. Ар Алихьым хуэжыІэщІэт, жэнэтми щыпсэурт.

Зэман дэкІри, Алихьым къигъэщІащ япэ цІыхур - Іэдэм (Тхьэр арэзы зыхуэхъуныр). Тхьэм къигъэщІа псоми Іэмыр яхуищІат Іэдэм щхьэщэ хуащІыну. А Іэмырыр псоми ягъэзэщІащ Хьэзазил (Іиблис) къищынэмыщІа. Ар Іэдэм епэгэкІащ, - и щхьэ трилъхьакъым цІыхум щхьэщэ хуищІыну, езыр зэрыжиным папщІэ нэхъ лъапІэу зыкъилъытэжащ. Апхуэдэу щытхъум, Тхьэр губжьри, ар жэнэтым кІрихуащ. Мис абы щыгъуэщ Хьэзазил и цІэр Іиблискіэ щыгъэзрахьэуэкІар. «Іиблис» жиІэмэ, «нэлат» жиІэу аращ и мыхьэнэр. Іиблисыр Алихьым елъэІуащ Кьемэт махуэр къэсыху игъэпсэуну, арщхьэкІэ, Тхьэм абы хухихакъым апхуэдиз пІалъэ, ауэ къыгъэгугъащ гъащІэ кІыхь иритыну, жыхьэнмэ мафІэм къызэрыхэмыкІынуми щыгъуазэ ищІащ (Тхьэм ищІэр Езым ещІэж). Жэнэтым къыщІэрихуми, Іиблис губжьауэ жиІащ: «ЖыхьэнмэмафІэр псэупІэ щысхуэхъунукІэ, схуэзфІэкІмэ, цІыху псори щызгъэзэнщ, жыхьэнмэм здэсшэнщ». Нобэр къыздэсым шейтІан бзаджэм ар егъэзащІэ, цІыхур щегъауэ, егъэунэхъу.

ИужькІэ Алихьым Іэдэмрэ Хьэуарэ щІым къигъэкІуащ щигъэпсэуну. Абы щыгъуэм щІым щыпсэурт жинхэр икІи мыхъумыщІагъэ куэд ялэжьырт. Жинхэм ящІэрт, Іэдэмрэ Хьэуарэ дунейм щыпсэумэ, Іэдэм и бынхэри зэрыщыгъэнур. Іиблис щигъэуагъэхэм ящыщщ Іэдэм и бынхэу Хьэбилрэ Кьабилрэ.

Іэдэм лІыкІуэмрэ (Тхьэр арэзы зыхуэхъуным) Хьэуарэ я бынщ Хьэбилрэ Кьабилрэ. Хьэбил мэлыхъуэт, Кьабил щІы зэрихьэрт. Алихьым Хьэуарэ Іэдэмрэ иІэм къэхуищІат я щІалэхэм фыз къарагъэшэну. А Іэмырыр и бынхэм щажриІэм, ахэр абы арэзы техъуащ. Хьэбил щхьэгъуэз ищІыну хуейт Кьабил и гъусэу къалъхуа хъыджэбзыр, арщхьэкІэ Кьабил и шыпхъур езыми игу ирихьырти, ар къишэну хуейт. АрщхьэкІэ, уи шыпхъу къэпшэныр хьэрэмти, дауи, Іэдэм ар хуидакъым Кьабил.

Захуэмрэ къуанщэмрэ щІалэхэм къагуригъэІуэн мурадкІэ, Іэдэм абыхэм Іэакъыммыр яхуищІащ Тхьэм къурмэн хуащІыну, хэт и къурмэныр кьабыл хъуми, абы и телъхьэу щытыну. А къалэныр я пщэ дилъхьэри, езыр хьэжыщІ кІуащ Мэккэм.

Хьэбил мэлым я нэхъ иныр къурмэн ищІащ, Кьабил и гуэдзым хэплъэри, нэхъ мыхьэнэншэ дыдэм щыщщ къурмэн ищІар.

Хьэбил и къурмэныр Тхьэм къабыл ищІри, Кьабил ейр имыщІу къэнащ. Апхуэдэу щыхъум, Кьабил нэхъри губжьащ, и шыпхъур Хьэбил къишэмэ, иукІынуи жриІащ. Хьэбил жэуапу итыр зыт: «Тхьэм щышынэм и къурмэныращ кьабыл хъунур». АрщхьэкІэ, ар Кьабил зэхихыну хуейтэкъым.

Махуэ гуэрым Хьэбил унэм къэкІуэжакъым. Іэдэм гузавэри, Іуэхур зытетыр крагъэщІэну Кьабил игъэкІуащ Хьэбил мэл щигъэхъу щІыпІэм.

Аэар щызэхуэзэм, Кьабил аргуэру жиІащ: «Уэ уи къурмэныр кьабыл хъуащ, сэ сысейр хъуакъым». Хьэбил и псалъэхэм иджыри зэ къытригъэзэжащ: «Тхьэм щышынэхэм я къурмэнращ кьабыл хъур». А псалъэхэм нэхъри нэхъ Іейжу ягъэгубжьа Кьабил мурад ищІащ Хьэбил иукІыну. АрщхьэкІэ, езым нэхърэ Хьэбил нэхъ Іэчлъэчт, пэлъэщыныгъэкъыми, жеиху пэплъэри, зэрыжейуэ, мывэшхуэ кьищтэщ, и щхьэм еуэри, иукІащ.

ЗэхищІыхьар къыщыгурыІуэжым, кІэгъуэвэжащ. Ауэ ар илэжьам хущІегъуэжауэ аратэкъым, атІэ хьэдэм ирищІэнур имыщІэу арат. Куэдрэ мыгупсысэу, Хьэбил и хьэдэр и пІэм трилъхьэри, ежьащ, ауэ щыхъукІи здэкІуэри, щІэкІуэри ищІертэкъым. Дунейр хуабэти, хьэдэм мэ ищІын щІидзащ, хьэкІэжъуэкІэхэр мэм къишэу хуежьащ. Кьабил нэхъри къэзгъэващ. Асыхьэтым абы и щхьэщыгум кьуаргъитІ зэзауэу къыщыхутащ. Зым адрейр иукІри, щІым къеохуэхащ. Псэуэ къэна кьуаргъым и пэмкІэ пшахъуэр къритхъури, иукІар абы иридзащ, иужькІэ пшахъуэр тритхъуэжащ. Ар щиІагъуэм, Кьабил жиІа псалъэхэр КъурІэнми къыщыкІуэжащ: «**Гуэвэгъуэ! Къуаргъым игу къэкІар сэ сигу къэкІакъым, си къуэшым и хьэдэр схуэгъэпщкІуакъым**».

Къуаргъым и щапхъэ тету, Кьабил и къуэшыр щІилъхьэжащ. Мис апхуэдэ щыкІэкІэ шейтІаным къигъэпщащ Кьабил икІи игъэунэхъуащ.

Аращи, шейтІаным и кьалэныр егъэзащІэ, дэри ди кьалэныр ар зытедмыгъэкІуэныращи, ар тхуэзфІэкІмэ, ди насыпщ.

Мыпхуэдэ и щапхъэ щыІэщ: «Мухьэмэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфІыр зыщІыхуам) жиІащ: «Хэт лей зэрихьэу муслъымэн икІми, ар зыукІам гуэныхъ кьызэрихьым хуэдабзэу, Іэдэм и къуэ Кьабили гуэныхъ хуатх, сыту жыпІэмэ, аращ япэ дыдэу апхуэдэ Іуэхугъуэ зылъжьар».

● Мэжджыт цІэрыІуэхэр

Адыгэ сулътІаным иригъэщІа Тхьэм и унэ

Хьэсэн и цІэр зезыхьэ мэжджыту Мысырым щыІэр 1356 гъэм ящІын щІадзащ. Ар иригъэхуауэ щытащ адыгэ сулътІан Хьэсэн ибн ал-Насир. Абы дин щІэныгъэ нэс щызрагъэгъуэтыфу щытащ. ИлъэсихкІэ елэжьри, 1362 гъэм мэжджытыр и кІэм нагъэсащ. Ар щахуэхэм щыгъуэ, зы азэн джапІэр къехуэхри, зы гуп щІипІытІащ. Къэралым мылъку иІэти, мэжджытыр дагъэунэжу яхуэжащ. Тхьэм и уардэунэр ямыуж щІыкІэ, ар езыгъэщІ Хьэсэн ибн ал-Насир дунейм ехыжащ. Езым и хьэдэри, и къуэхэм я хьэдэри а мэжджытым деж щыщІалъхьащ.

Зи гугъу тщІы мэжджытыр нобэкІэ ябж дунейм щынэхъ дахэ дыдэхэм ящыщ зыІуэ.

Мазаем и нэмэз щІыгъуэхэр

● Фи лъэІукІэ

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыщІэкІыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, мэрем	05.52	07.22	12.29	15.03	17.17	18.57
2, щэбэт	05.51	07.21	12.30	15.04	17.18	18.58
3, тхьэмахуэ	05.50	07.20	12.30	15.05	17.19	18.59
4, блыщхьэ	05.49	07.19	12.30	15.06	17.21	19.01
5, гъубж	05.48	07.18	12.30	15.07	17.22	19.02
6, бэрэжьей	05.46	07.16	12.30	15.08	17.24	19.04
7, махуэку	05.45	07.15	12.30	15.09	17.25	19.05
8, мэрем	05.44	07.14	12.30	15.11	17.26	19.06
9, щэбэт	05.43	07.13	12.30	15.12	17.28	19.08
10, тхьэмахуэ	05.41	07.11	12.30	15.13	17.29	19.09
11, блыщхьэ	05.40	07.10	12.30	15.14	17.30	19.10
12, гъубж	05.39	07.09	12.30	15.15	17.32	19.12
13, бэрэжьей	05.37	07.07	12.30	15.16	17.33	19.13
14, махуэку	05.36	07.06	12.30	15.17	17.34	19.14
15, мэрем	05.35	07.05	12.30	15.18	17.36	19.16
16, щэбэт	05.33	07.03	12.30	15.19	17.37	19.17
17, тхьэмахуэ	05.32	07.02	12.30	15.20	17.38	19.18
18, блыщхьэ	05.30	07.00	12.30	15.21	17.40	19.20
19, гъубж	05.29	06.59	12.30	15.22	17.41	19.21
20, бэрэжьей	05.27	06.57	12.30	15.23	17.42	19.22
21, махуэку	05.26	06.56	12.30	15.24	17.44	19.24
22, мэрем	05.24	06.54	12.29	15.25	17.45	19.25
23, щэбэт	05.23	06.53	12.29	15.26	17.46	19.26
24, тхьэмахуэ	05.21	06.51	12.29	15.27	17.48	19.28
25, блыщхьэ	05.19	06.49	12.29	15.28	17.49	19.29
26, гъубж	05.18	06.48	12.29	15.29	17.50	19.30
27, бэрэжьей	05.16	06.46	12.29	15.31	17.51	19.31
28, махуэку	05.14	06.44	12.29	15.31	17.53	19.33

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мусльымэнхэм я Іуэхущ1аІэм къыдитащ.

Хьэдисхэр

●«Гуэныхьу щыІэм я нэхъ ин дыдэр вжесІэн?», - жиІэу Мухьэмэд бегъымбарыр (Тхьэм и нэфІыр зыщІыхуар) щыщІэупщІэм, псори щым хъуат. «КъыджеІэ, ЛІыкІуэ лъапІэ», - жаІащ. «Алихьым гъусэ хуэщІыныр гуэныхьу щыІэм я нэхъ инщ», - жэуапу зэхахащ абыхэм. (Иимам Аль Бухъари)

●ЩхьэпэщІапхэ зыщІхэр, зезыхьэхэр джаур мэхъу. (Іимам ан-Насай)

●Нэмэзыр Іэщ1ыб зыщІкэр Кьемэт махуэм Алихьыр губжьауэ къаІуащІэнущ.

●Зи мылъкум сэджытыр хэзымыгъэкІхэм Кьемэт махуэм мылъкуу яІар мафІэ хъунурэ, я щІыфэр абы исыжынущ, ауэ а зы махуэр абыхэм я дежкІэ хуэдэщ илъэс мин тхущІым.

●Адэ-анэр зыхуэарэзым Алихьри арэзы хуэхъунущ, зи адэ-анэ зыхуэмыарэзым Алихьым и нэлатыр трилъхьэнущ.

●Ужэхуащ проценткІэ ахъшэ щІыхуэ зытхэри, къэзыщтэхэри, абыхэм зэращІылІэ зэгурыІуэныгъэм щыхьэт техьуэхэри.

●Фадэ е нэгъуэщІ гуэру акъылыр зыгъэутхъуэ (наркотик хуэдэхэр) зэзыхьэлІэхэм Кьемэт махуэм шхыныгъуэ яхуэхъунущ, жыхьэнмэ мафІэм щыпсэухэм я пщІэнтІэпсымрэ абыхэм я лъы фІеймрэ.

●Сабэ хуэдиз нэхъ мыхъуми, зызыгъапагэхэм я дежкІэ жэнэтым и бжэхэр зэхуэщІащ.

●Мусльымэным кІэрыкІыльтІ кІэрызылъхьэхэм папщІэ жыхьэнмэм псэупІэ щаухуащ.

●Нэхъ гуэныхь ин дыдэхэм ящыщщ Алихьым гъусэ хуэщІыныр, адэ-анэм я гур хэгъэщІыныр, пцІыкІэ Тхьэ Іуэныр.

●ФэрыщІыр къэпцІынущ. Абы и хьэлщ щыпсалъэкІэ пцІы иупсын, зэращІылІа зэгурыІуэныгъэр икъутэн, цІыхум и хьэдис къыщригъэзкІи, ари хуэхъумэркъым.

●ЦІыхухэм якІэщІэдэІухьхэм Кьемэт махуэм я тхьэкІуэмэхэр бдзапщІэ гъэтхІуакІэ кудауэ щытынущ.

●Іэзэ зи фІэщ хъухэми, апхуэдэхэр зыгъапалъэхэми махуэ плІыщІкІэ я нэмэзыр къабыл хъунукъым.

●ЦІыхум я нэхъ лъагъуэйр нэкІуитІ зезыхьэ фэрыщІхэращ: зым щыхуэзэкІэ, зы жриІэу, адрейм хуэзэмэ, нэгъуэщІ гуэр жиІэу.

Джэдзауэ Венерэ и вагъуэр

● Фэеплъ

КъБР-м щыхь зиІэ и артисткэ, КъБР-м театр гъуэзджэмкІэ и Къэрал саугъэтыр (Іутlыж Борис и «Эдип» пьесэм ЩытращыкІа спектаклым Эпикастэ и ролыр зэрыщигъэзэщІам папщІэ) зыхуагъэфэща. Щоджэнщыкlу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и гупым зи артист Іэзагъэкlи зи теплъэкlи нэхъ къаХэщу щытахэм языхэз, адыгэ щэнхабзэмрэ театр гъуэзджэмрэ хэлъхьэныгъэфlы хуэзыщІа Джэдзауэ Венерэ псэужамэ, щыщылэм и 26-м и ныбжьыр илъэс 70 ирикъунут.

ЛЭСКlЭН районым хьыхь Анзорей къуажэм 1949 гъэм къыщалъхуад Венерэ. Ар пасэу дахьэхащ адыгэ, урыс цІыхубэ уэрэдыжьхэмрэ къафэхэмрэ. Къыщынэмыщlауэ, хамэ къэрал классикэ литературэм щыщхэу Мопассан, Стендаль, Бальзак, Жорж Санд, нэгъуэщlхэми я Іэдакъэ къыщlэкlа тхьилъ цІэрыІуэхэм етхуанэ классым щыщlэсым еджену хунэсат. Дохутыр хъуну абы и анэр щІэхъуэпсми, ёзы Венерэ зыхуэпабгъэ артист Іэщlагъэм хуеджену Іэмал къыпыкъуэкlащ, и насып кърихьэкlри. Драмтеатрым папщІэ артистхэр щагъэхьэзыру Москва дэт еджапlэ цІэрыІуэр - Щукиным и цІэр зезыхьэ театр училищэ нэхъыщхьэр - 1975 гъэм къэзыухуэу щыта адыгэ студием хэтащ.

Адыгэ театрым зэрыщылэжьа зэманым къриубыдэу роль гукъинэж куэд игъэзэщlащ Джэдзауэ Венерэ. Ар щыджэгуащ пьесэ цІэрыІуэхэм къытращlыкlа спектакль купщlафlэхэм. Апхуэдэхэщ Флетчер Джон и «Щхьэгъусэ зэрагъасэр» комедиер, Нэш Ричард и «Уэшх зыщэр» драмэр, Робер Томэ и «Гъаг'ъуныгъэм текlуэдахэр» комедиер, Иоселиани и «Хьыджэбзибл къыдэнжар» комедиер, Къардэнгъущ Зырамыку и «Къанщобийр Гъащэгъагъэр» драмэр, Щоджэнщыкlу Алий и «Къамботрэ Лацэрэ» романым ЩытращlыкIа драмэр, сабийжэм щхьэкlэ ягъэуву «Алий-Баба» спектакль-таурыхъыр, нэгъуэщlхэри. А лэжьыгъэхэр республикэм и театр гъуэзджэм и дыщэ фондым къыхэнащ.

Нэхъыжьхэм зэрыжаІэжьмкlэ, и Іэщlагъэм псэемыблэжу хущыт Венерэ и актёр Іэзагъэр хъарзынэу хуэкlуэрт гурыщlэ лъагэхэм хуэгъэпса драмэхэм. Абы фlыуэ щыхьэт тохъуэ Іутlыж Борис и «Тыргъэтауэ», «Эдип» пьесэхэм зэрыщыджэгуар. «Тыргъэтауэ» спектаклыр апэу щагъэуавам (1977 гъэм), режиссёр Теувэж Сультlан роль нэхъыщхьэр яритауэ щытащ ЖьакlэмыхъуІунэрэ Джэдзауэ Венерэрэ икlи артисткэ гъуэзэджэхэм я зэфlэкlэхэмкlэ Теувэжьым дзгъуэу къигъэнэІуэфащ а образым и лъэныкъуитlу зи гугъу тщlыхэр. Тыргъэтауэ и образыр гуитlщхьитlуэщlт. Зы лъэныкъуэкlэ ар бийжэр зыгъэгулэз дзэзешэт, хэку Іуэху хъуамэ, гущlэгъур езыкъухьиф зауэлlщ, «уи нэм къеІэм, и псэм еІэ» щытыкlэм къыщихутэжэм деж, псэ зыгъэныф цІыкубэ джэтэрыхахуэщ; нэгъуэщІ лъэныкъуэкlэ а образым укъыщеплъыжкмэ, - Тыргъэтауэ бзылъхъугъэ, щхьэгъусэ дахэщ икlи щабэщ, анэ гумащlэщ икlи гущlэгъуныщ.

Гумащlагъэр, псэ щабагъэр апэ къызыфlищ бзылъхъугъэм и гурыгъу-гурыщlэхэр къэгъэлъэгъуныр фlы дыдэу къехъулlащ Джэдзауэ Венерэ. И лэжьыгъуэм къызэралІуэтэжьмкlэ, гукlи псэкlи Венерэ а ролым елэжьащ. Репетицэхэр ирихь нэужьи къанэрэ режиссёрым къызэрыкриІам тету, сценэр къызэкlухьу куэдрэ итт ар, и репликхэр Іущэщэжу жиІэурэ, тхыгъэмрэ джэгукlэмрэ игу хуэзэгъэху зэхуигъакlуэу щытащ.

Венерэ и лэжьэгъуэхэм, ныбжьэгъуэхэм ягу къагъэкlыж ар цІыху псэ къабзэу, гуапэу, пщэфlэнкlэ Іэзэу, шыгъупlастэкlэ хьэлэлу зэрыщытар. Дэрбэзэр Іэщlагъэми хуэлэкlуэлъакlуэт Венерэ, зэрыджэгуну щыгъынхэм ящщ, абыхэм я Іыхьэ гуэрхэр езым и Іэкlэ игъэхъэзырыжьыт, и гримыр «зытезыльхьэкри» езырат. Абы и артист Іэзагъэхэм хэплъагъуэ нэщэнэхэм ящыщт мыри: кърата ролым зэриззэгъэнуми псэемыблэжу елэжьырт, бзылъхъугъэ нэсу зыбзылъытэж дэтхэнэми хуэдэу, зэпымыуэу хущlэкъуэт дахэу къызырынэжьнум. Венерэ зигъэдахэ къудейтхъым, атlэ дахэт. Апхуэдэу цІыхум я нэгум щІэтыну икlи къыщlэнэну хуейт. Илъэс 30-м ныблагъэкlэ лъэпкъ театрым псэемыблэжу хуэлэжьа, лъэужь дахэ хъэзыгъэна артисткэ гъуэзэджэр апхуэдэу цІыхум я нэгум къыщlэнащ.

ТЕКlУЖЬ Заретэ.

Мэртыкъуэ Эдуард Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр зэрыгушхуэ студентхэм ящыщщ.

Хэкупсэ нэс Мэртыкъуэ Эдуард

● Щапхъэ

АР ЗЫЩЕДЖЭ къудамэм щІэсхэм сыт и лъэныкъуэкlи къахэжаныкlыу, жэуаплынигъэшхуэ хэлъу, и пщдалъхэ къалэнхэр гугъэзагъэу игъэзащlэу аухуэдэщ. И ныбжьым хуумыгъэфащэу гупсысэкlэ хьэлэмэтрэ акъыл гъэтІылъапэ бгъэдэлъщ щІалэщІэм. Іэщlагъэр къызэрыхиха щІыкlэм, и студент гъащlэр зэрекlуэкlым ар и гуапэу къытхутепсэлъыхьащ.

Эдуард къыщалъхуари, курыт щэныгъэ щызэригъэгъуэтари Тэрч щІыналъэм хьихь Мэртэзей къуажэрщ. Адыгэбзэр фlыуэ илъагъуми, апэ зригъэгъуэта Іэщlагъэр нэгъуэщlщ. Ар Іэпщlэлъапщlэу, сурэт щыным, пхъэм хьэпшыпl эмылlэужьыгъуэхэр къыхэщlыкlыным дихьэхьу зэрыщытым къыхэкlыу курыт еджащlэ нэужьым щІэтІысхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым декоративз-Іэрыщl гъуэзджэмкlэ и къудамэм. Илъэсиплlкlэ абы щеджа нэужь, и щІэныгъэм а унэтІыныгъэмкlэ пимыщэу, университетым адыгэбзэмрэ литературэмкlэ университетым иІэ къудамэм щІэтІысхьауэ и магистратурэм и 2-нэ курсым щоджэ.

Эдуард зэрыжиІэмкlэ, анэдэлъхубзэр фlыуэ зэриІьатэр зи фlыщlэу къильытэр и апэ егъэджакlуэу щыта Мамий Залинэщ. Иужькlэ класс нэхъыжьхэм щезыгъэджа Уэрэзей Джульетти лъэныкъуэ куэдкlэ зригъэужьауэ жеІэ.

- Нэхъапэм тхыгъэхэм седжэрэ ззэгъэтІылъэкlыжу щытамэ, иджы магистратурэм сызэрыщlэтэсхьэрэ, сызэджэр псалъэ зырызу зэрызэпкърыхьным, авторым къигъэсабэп псалъэхэм я мыхьэнэр нэсу зэрызыгурызгъэІуэным, сигу зэризубыдэным яужь ситщ. Бзэр нэхъ кууу джыным сызэрыдихьэар зи фlыщlэр ди егъэджакlуэхэу филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор Тlымыжь Хьэмыщlэрэ филологие щІэныгъэхэм я кандидат Къардэн Мусэдинрэщ, - жеІэ щІалэм.

Еджэным нэмыщl, университетым зыри щимылъагъуу щытынт Эдуард и студент гъащlэр, ауэ ар жыджэру хэтщ зэпеуэхэм, конференцхэм, литературэ пшыхьхэм. Абы къыдэкlуэу, и Іуэху еплъыкlэ гъэщlэгъэнэхэр къиГъэльагъэуэ газетхэм тхыгъэхэр ирегъэхь, уси етх. Нэхъыбэу ныбжьыщlэр зытетхыхьыр цІыхум и псэр зыгъэгуфlэ, къару къезыт икlи зэуи езыдыих льагъныгъэрщ, гъэм и зэманэхэм хильъагъуэ щхьэхуэныгъэхэрщ, ныбжьэгъуэгъэрщ, цІыхухэм я зэхущытыкlэрщ. Усэ тхын зэрыщІидзэрэ куэд дыдэ мыщІами, ахэр зыбжанэрэ къытехуащ ди республикэм къыщыдэкl газетхэм.

Эдуард жеІэ иджыпсту дзэзыхьэх Іуэхугъуэхэр игу зэрырихьыр, университет гъащlэм жыджэру зэрыхэтыр и нэхъыжьхэми къызэрыдаІыгъыр, ар еджэнми сэбэп хуэхъуу къызэрилъытэр. Мэртыкъуэр зытеуа гъэзугъщlэм хуэзфlэкlи къимыгъанэу ирикlуэну и гугъэщи, и мурадхэр Алыхьым къызыхуэпищэ!

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

● Дифl догъэлъапlэ



Мы махуэхэм илъэс 85-рэ зэрырикъуар егъэлъапlэ КъБР-м щІыхь зиІэ и дохутыр Къэзан Къэрэшей.

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

Телефон гъэпцІакlуэ

Илъэс 30 зи ныбжь прохладнэдэс щІыхьэхъум Урысей МВД-м и «Прохладнэ» къудамэм и плъыр частым 2019 гъэм щІышылэм и 19-м зыхуигъэзащ.

АБы зэрыжиІамкlэ, махуэ зыбжанэ ипэкlэ интернет-сайтым къыщигъуэтащ ВАЗ-2112 автомашинэр зэращэм теухуа хъыбар. Ар зыщэм телефонкlэ епсалъэри, прохладнэдэсым къыхуигъэлъэгъуа счётым игъэхьащ автомашинэм и уасэм щыщ Іыхьэ - сом мин 45-рэ. Иужьым абы зыпищlэжьфакъым икlи щэхуэкlуэм хабзэхъумэ Іэнатlэм зыхуигъэзащ.

Уголовнэ Іуэху къаІэтынущ. Гъэпцlакlуэр хэтми яубзыхуным икlи яубыдыным яужь итщ.

Наркотикхэкlхэр зэбгригъэкlырт

2019 гъэм щІышылэм и 14-м Налшык къалэ Ахъуэхъум и уэрамым деж щаубыдащ «КИА РИО» автомашинэр зезыгъакlуэ, нэхъапэм суд зытращlыхьа, илъэс 27-рэ хъу налшыкдэсыр. Ар къащащым къыкlуахащ къэкlыгъэмэ къызыхих пкъыгъуэ зэрылъ зэкlуэщlышыхьауэ щы, порошок щІыхурэ электрон тэрэзэрэ.

АДЭКlЭ щІыпlэр къыщlэзэхапlэхьыным, мыжьжьэу щыт «Фольксваген» автомашинэм и бамперым къыкlэщlахащ апхуэдэ пкъыгъуэ щІыху зэрылъ зэкlуэщlышыхьауэ 2. ЦІыхухъум зэрыжиІамкlэ, къагъуэтахэр езым еІщ.

Экспертизэм къызэригъэлъэгъуамкlэ, къытрахахэр «шыгу» жыхуаІэм хуэдэ грамми 5,83-рэ, марихуанэ грамм 0,17-рэ наркотикхэкlщ.

Уголовнэ Іуэху къаІэтынущ.

Зыгъэхьэзырыр

ДЫГУЛЫБГъУ Жантинэщ.

● Футбол

Мазитlкlэ загъэпсэхуауэ къызэхуосыж

Урысей Федерацэм футболымкlэ и етlуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щыджэгу «Спартак-Налшыкым» и футболистхэр, мазитlкlэ загъэпсэхуауэ, бэрэжьей кlуам Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм къыщыщэхуэсыжащ.

АБЫХЭМ зыхуагъэхьэзырынущ гъатхэпэм и кlэухым щІэзыщэжьыну 2018 - 2019 гъэхэм екlуэкlэ зэхьэзэхуэм и етlуанэ Іыхьэм.

«Спартак-Налшыкым» нэгъабэ и кlэухым хэта футболист псори къызэхуэсыжащ гъуащхьэу Бажэ Амир фlэкlа къэмынэу. Ар ягутlыпщащ, Иорданием мазэ зыбжанэкlэ щыджэгуну ирагъэблэгъати.

- Иджыпстукlэ махуэм зэ Налшык зыщыдгъэсэну аращ, - къыджиІащ «Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыжь Кlэбышэ Заур. - Абы щхьэусыгъуэ хуэхъуащ щІалэхэм я гъэшхэныр иджыри къэс базэм къызэрыщыщэрамыгъэпэщащ. Ар зэфlэувэмэ, зыгъэсэныгъэхэр махуэм тlэу екlуэкlынущ.

«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ Трубицын Сергей зэкlэ гупым дзэщlыгъуэкъым. Ар щоджэ Урысей Федэм Зэгухьэныгъэм и тренер Іэщlагъэм и академием икlи зыхущlэкъуэ «Рго» категориер къыІэрыхьэмэ, премьер-лигэми хамэ зэрыкъэлэкlэми я командхэр игъэсэну Іэмал иІэнущ.

Налшык къыщlэзэхуэсыжа щІалэхэм иджыпстукlэ ди щІыпlэм зыщагъэхьэзырынущ. Иужькlэ, зэрахабзэу, Нартсанэ (Кисловодск) кlуэну я мурадщ, зыщагъэсэну икlи зэныбжьэгъугъэ зэІущlэхэр ирагъэкlуэкlыну.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

И Іыхьэ щанэращ къэнэжар

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ 2018 - 2019 гъэхэм я щІымахуэ чемпионатыр иухыным къэнэжар и Іыхьэ щанэращ. Дяпэкlэщ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэ зэІущlэхэр щекlуэкlынур.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ апэ зэрыщица очкоитхур къэнэжа джэгугъуитхум игъэкlуэдыжьну фlэщущlыгъуейщ «Автозапчасть»-м. Гугъу ехьми абы текlуэныгъэхэр зыІэрегъэхьэ икlи чемпионыгъэм ерыщу хуоклуэ. Мис аргуэруи бахьсэндэхэм зы топ закъуэри яхуирикъуащ «Бабугент»-р хагъэщlэн папщlэ.

Тхьэмахуэ ипэкlэ апэу зэрыщыфlахьар гущlыхьэ ящыхьуа хуэдэщ «Автозапчасть»-м и ныкъуэкъуэгъу нэхъыщхьэу щыта «Спартак-Налшык-д»-м и футболистхэм. Мис аргуэруи абыхэм очкоитlи яфlэкlуэдащ, иужь джэгугъуиплlым щытекlуа «Шагъдийм» пэлъэщатэкъыми. Псалъэм къыдэкlуэу къыхэдгъэщынци, зеикъуэдэсхэм я дежкlэ мыр апэ зэрытемыгъэкlуэныгъэщ. Абыхэм я закъуэт зэхьэзэхуэм очко щызэдзэзымыгъэшауэ къэнэжар.

Зэпеуэм и жэз медалхэм щІэбэн Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и студентхэм къалъэщlыхьэпащ щэбэт кlуам къыхэзыгъэщІа Нашык и «Мурбек»-р. Иджы абыхэм я зэхуаку дзыльыжьр зы очко закъуэщ.

Гущlыхьауэхэм я зэпеуэри къызэщlэплъащ. Я хъэрхуэрэгъуэхэм топий яхудигъэкlауэ иджыри къэс бжьыпэр зыІыгъа Сэрмакъ и «Союз»-м и пашэ Тамаев Алан къыльэщlыхьащ «Шагъдийм» щыщ Бэлагъы Руслан.

Зэхьэзэхуэм кърикlуам ипкъ иткlэ гуп нэхъыщхьэм хагъэкlыну командитlри къыхэбелджылыкlа хуэдэщ. Иджыри къэс зы очкои къэзымыкъыфа «Спартак-Налшыкым» и ныбжьыщlэхэм гъуэз яхуэхъуну фэ тетщ Шэджэм и «Альянс»-м. Абы къикlыркъым къыкlэрыхуэхэм яхэт Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетымрэ Къэхъун и «Керт»-мрэ я футболистхэр бэлэрыгъ хъуну - шэджэмдэсхэр тlэу-щэ текlуэмэ, къащхьэщыкlынурэ езыхэр щытыкlэ гугъум ихуэнущ.

Иджы щыгъуазэ фlыхуэтщlынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ и щІымахуэ чемпионатым иужьу щыІэхэта джэгугъуэм кърикlуа бжьыгъэжьм. Мис ахэр: «**Малка**» (Малкэ) - «**Альянс**» (Шэджэм) - **3:0**, «**КъБКъМУ**» (Налшык) - «**Союз**» (Сэрмакъ) - **3:3**, «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - «**Бабугент**» (Бабугент) - **1:0**, «**Мурбек**» (Налшык) - «**КъБКъУ**» (Налшык) - **3:1**, «**Велес**» (Къэрэгъэш) - «**Керт**» (Къэхъун) - **4:1**, «**Кэнжэ**» (Кэнжэ) - «**Хьэтlохъущыкъуей**» (Хьэтlохъущыкъуей) - **2:3**, «**Шагъдий**» (Зеикъу) - «**Спартак-Налшык-д**» (Налшык) - **1:1**, «**Спартак-Налшык-н**» (Налшык) - «**ГорИС-179 РусГидро**» (Бабугент) - **0:2**.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ 2018/2019 гъэхэм я щІымахуэ чемпионатыр зэрекlуэкlыр

Командхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «**Автозапчасть**»	10	8	2	0	27-5	26
2. «**Спартак-Налшык-д**»	10	6	3	1	16-8	21
3. «**КъБКъУ**»	10	6	1	3	16-12	19
4. «Мурбек»	10	5	3	2	21-8	18
5. «ГорИС-179 РусГидро»	10	5	3	2	18-17	18
6. «Кэнжэ»	10	5	2	3	16-9	17
7. «Велес»	10	5	1	4	18-13	16
8. «Шагъдий»	10	5	1	4	21-18	16
9. «Хьэтlохъущыкъуей»	10	5	1	4	21-17	16
10. «Союз»	10	4	2	4	17-16	14
11. «Бабугент»	10	3	2	5	9-15	11
12. «Малка»	10	3	2	5	8-13	11
13. «Керт»	10	2	3	5	10-17	9
14. «КъБКъМУ»	10	1	5	4	10-20	8
15 «Альянс»	10	1	1	8	8-21	4
16 «Спартак-Налшык-н»	10	0	0	10	7-34	0

КІыщокъуэ Алимрэ Кулиев Кайсынрэ я творческэ пшыхь

«Дэ къурш пшынальэм дридамитlщ» фlэщыгъэм щІэт литературэ-музыкэ пшыхь дахэ иджыблагъэ къыщыщэрагъэпэщат Жанхъуэтекъуэ я къуажэм дэт Щэнхабзэмкlэ унэм.

ПШЫХЬЫР къызэІуаха и ужькlэ КІыщокъуэ Алимрэ Кулиев Кайсынрэ я гъащlэ гъуэгуанэм, яхэлъа хэкупсэ лъагъуныгъэм, абы пэджэж я Іэдакъэщlэкlэхэм къеджащ. Кърихьэлlахэм ягу кагъэкlыхьащ къызыхэкlа лъэпкъым и напщlэ а лIы ахъырзэманхэр илъэс 40-м нэблагъэкlэ зэныбжьэгъугъэ яку дэлъу къызэрызэдэгъэгурыкlуар. А тlур къэралым и жылагъуэ-политикэ, щэнхабзэ гъащlэм жыджэру хэтащ. Ахэр сыт щыгъуи ирагъэблагъэрт литературэм, щэнхабзэм и махуэхэм, юбилейхэм, дунейпсо конгрессхэм, щІэныгъэ конференцхэм, СССР-м, РСФСР-м я Тхакlуэхэм я зэгухьэныгъэхэм и пленумхэм, нэгъуэщl куэдми.

Щlыналъэм и творческэ гупхэм а пшыхьым щагъэзэщlащ усакlуэхэм я псалъэхэр зыщlэлъэрэдзэр, курыт еджапlэм щІэс цІыкlуэхэр усэ къеджащ. Кулиев Кайсын теухуауэ епщlанэ классым щІэс хъыджэбзым и Іэдакъэщlэкl усэр зэхьихьэм и гуІэфlтещlэжт.

Къыхэзгъэщlапхъэщ а пшыхьыр Бахъсэн, Іуащхьэмахуэ щІыналъэхэм эдэйуэ къызэрызэрагъэпэщар.

УЛЫМБАЩ Лерэ,
Бахъсэн щІыпlэ администрацэм и пресс-Іуэхущlапlэм и лэжьакlуэ.

Пшыхьыр ягъэдэхащ «Кавказ» уэрэджыІакlуэ гупым хэт адыгэ щІалэхэм.

Сом зы мелуанрэ мин 600-м нэблагъэ

● ФщlЭн папщlэ

Зэратх Іэмэпсымэхэм къызэрагъэлъэгъуамкlэ, щІышылэм и 12 - 18-хэм кърихьыдэу гъуэгум зэрыщызекlуэ хабзэр КъБР-м 14.448-рэ къызэпаудащ. Псори зэхэту къэудыуэ тралъхьащ сом мелуани 9-рэ мин 34-м щІигъу. А махуэхэм кърихьыдэу сом 1 мелуанрэ мин 544 550-рэ япшынащ - тралъхьам и процент 17-р.

КъУЭДЫР махуэ 60-м кърихьыдэу япшын хъунущ. Абы фlагъэкlамэ, Іуэхур Суд приставхэм Іэрагъэхьэ.

Административнэ къудыр хабзэм игъэува пІалъэм (УФ-м и КоАП-м и 20.25 статьяІ) кърихьыдэу ямыпшынмэ, ар хуэдитlкlэ ягъэбагъуэ е сыхьэт 50-кlэ цІыхур ягъэлажьэ.

Къудыр птелъэм къыщыпщlэфынущ Урсейм и Къэрал автоинспекцэм и сайтым - www.gibdd.ru.

БАХЪСЭН Ланэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФlЫЦlЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьакlэмыхъуМаринэ (редактор нэхъыщхьэм и апэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эдуард** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъан, Нэщlэныджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщl Иэз.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

Къыдэзыгъэкlэжьмрэ редакцэмрэ я хэщlапlэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащlэмрэ экономикэмкlэ - 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущlапlэхэм эдэлъжьэныкlэ - 42-60-53; узыншагъэмрэ щІыуэпсыр хъумэныкlэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкlэ - 40-15-31; зэдзэкlакlуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатlэм - 42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Теддэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщlэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъыкlэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкlэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхъыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщlэныгъэхэмкlэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущlапlэм ПИ № ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокlI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

12+

Мы къыдэкlыгъуэм елэжьахэм: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дышэкl Соня,** *редактору* **Жыласэ Заурбэч,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.), корректорхэм я дзэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящlаиу* **Дол Маринэ, Бецто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тradзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.214 ● Заказ №67